

Pamekar Diajar

BASA SUNDA

KIKD Kurikulum 2013

Buku Tuturus Guru SMP/MTs

Kelas VII



DINAS PENDIDIKAN PROVINSI JAWA BARAT
2014

Pamekar Diajar BASA SUNDA

KIKD Kurikulum 2013

Buku Tutorials Guru SMP/MTs Kelas VII

Hak cipta © kagungan Dinas Pendidikan Provinsi Jawa Barat
Ditangtayungan ku Undang-undang

Disklaimer: Ieu buku téh diajangkeun pikeun guru basa Sunda dina raraga larapna Kurikulum 2013. Ieu buku disusun tur ditalaah ku hiji tim kalawan dikoordinasi ku Balai Pengembangan Bahasa Daerah dan Kesenian (BPBDK) Dinas Pendidikan Provinsi Jawa Barat minangka buku kurikulum daerah. Mimitina dipakéna buku taun 2014. Ieu buku téh sipatna “dokumén hirup”. Hartina bakal tuluy disarungsum luyu jeung kabutuh katut panéka jaman. Pangdeudeul ti rupining pihak dipiharep bisa ngundakkeun ajén ieu buku.

PANYUSUN:

Tatang Sumarsono
Ahmad Hadi
Ano Karsana
Asep Ruhimat
Darpan
Dede Kosasih
H. Dingding Haerudin
H. Yayat Sudaryat
Risnawati

PENELAAH:

Prof. Dr. H. Iskandarwassid, M.Pd.
Dr. Hj. Ai Sofianti, M.Pd.
Drs. H. Elin Syamsuri
Drs. Apip Ruhamdani, M.Pd.
Budi Riyanto

Rarancang Eusi: Yoshi Sukadar

Rarancang Jilid: Yoshi Sukadar

Eusi ngagunakeun Adobe InDesign CS3 jeung Adobe Photoshop CS3
Aksara ngagunakeun Bembo Std 12 pt – 24 pt.

Dipedalkeun ku:

DINAS PENDIDIKAN PROVINSI JAWA BARAT

ISBN: 978-602-1300-22-0 (Jilid Lengkap)

978-602-1300-23-7 (Jilid 1)

Perpustakaan Nasional : Katalog Dalam Terbitan (KDT)

PANGBAGÉA

KEPALA DINAS PENDIDIKAN PROVINSI JAWA BARAT

Alhamdulillah, ieu buku pangajaran basa Sunda tiasa ngawujud, enggoning nyaosan implemèntasi Kurikulum 2013, pikeun ngeusian lolongkrang Muatan Lokal Mata Pelajaran Bahasa dan Sastra Daerah di Jawa Barat.

Hasil garapan tim panyusun tèh aya dua rupi buku nyaéta buku murid sareng buku guru. Èta tèh mangrupa bagian tina pakèt Kurikulum Daerah, hususna ngeunaan pangajaran basa jeung sastra daèrah, dumasar kana Permendikbud No. 81A/2013, ngeunaan implementasi kurikulum. Pami diwincik deui, sanès mung buku wungkul bagian èta Permendikbud tèh, tapi deuih ngawengku Kompetensi Inti jeung Kompetensi Dasar (KI-KD), silabus, sareng Rencana Pelaksanaan Pembelajaran (RPP).

Ku medalna ieu buku, dipiharep implementasi kurikulum 2013, hususna ngeunaan pangajaran muatan lokal basa jeung sastra daèrah di Jawa Barat tiasa dilaksanakeun kalawan merenah, luyu sareng udaganana. Saparantosna dialajar ngeunaan basa jeung sastra daèrah, dipiharep dina diri murid aya parobihan anu tètèla, boh unsur sikepna (*attitude*), boh pangaweruhna (*knowledge*), boh kamampuh ngagunakeun katut karancagèan (*performance; behavior*). Singgetna mah èta unsur anu tilu tèh bisa disebut kompetènsi.

Kalungguhan guru dina posisi agèn parobahan utama enggoning ngaimplemèntasikeun kurikulum 2013 teu kinten pentingna. Aya hiji hipotèsis basajan, saupami guru kagungan kompetènsi anu nohonan pasaratan Kurikulum 2013, tangtosna gè kalebet guru basa daèrah deuih, tinangtos èta kurikulum bakal tiasa diimplemèntasikeun kalawan merenah. Ku margi kitu, dina nataharkeun sareng ngaronjatkeun kompetènsi guru tèh, di antawisna ku cara nysusun buku padoman guru, kalebet tarèkah anu kedah kènging pangajèn.

Muga-muga waè harepan urang sadaya ngeunaan ayana parobihan anu tétéla dina dunya atikan ku diimplémentasikeunana Kurikulum 2013 téh tiasa ngawujud, enggoning lahirna *Generasi Emas Indonesia* dina taun 2045 nu badé dongkap.



Bandung, Desember 2013

Kepala Dinas Pendidikan Provinsi Jawa Barat,

Prof. Dr. H. Moh. Wahyudin Zarkasyi, CPA

Pembina Utama Madya

NIP. 19570807 198601 1 001

PANGBAGÉA

KEPALA BALAI PENGEMBANGAN BAHASA DAERAH DAN KESENIAN DINAS PENDIDIKAN PROVINSI JAWA BARAT

Kurikulum 2013 ti wangkid ayeuna parantos ngawitan dianggo sacara nasional. Jalaran kitu, pangajaran basa jeung sastra daérah nu diperenahkeun janten muatan lokal di Jawa Barat kedah luyu sareng Kurikulum 2013 hususna patali luyuna sareng elemén-elemén parobihan anu janten karakteristik Kurikulum 2013 anu ngawengku: *Standar Kompetensi Lulusan, Standar Isi, Standar Prosés, sareng Standar Penilaian*. Éta katangtosan kedah kacangkem sareng kalaksanakeun ku sakumna guru-guru basa jeung sastra daerah anu mancén tugas di SD/MI, SMP/MTs, SMA/MA, sareng SMK/MAK.

Ieu buku bahan ajar téh dijudulan *Pamekar Diajar Basa Sunda*, sadayana aya 24 jilid, ngurung buku siswa 12 jilid sareng buku guru 12 jilid. Kalungguhanana janten buku babon anggoeun di sakola nu aya di Jawa Barat. Buku murid diajangkeun pikeun sakumna murid dumasar kana tingkatan kelas. Buku Murid eusina medar materi ajar sareng pertanyaan-pertanyaan, latihan, tugas/pancen anu raket patalina sareng kompetensi dasar (KD). Buku Guru eusina medar silabus, métodologi pangajaran, sareng évaluasi, ogé mangrupi pangjembar buku murid.

Komponén-komponén anu dimekarkeun boh dina buku murid atanapi buku guru dumasar kana opat kaparigelan basa anu ngawengku ngaregepkeun, nyarita, maca, sareng nulis anu diajarkeun maké pamarekan saintifik sareng penilaian auténtik. Hal ieu dumasar kana karakteristik Kurikulum 2013 nu ngalarapkeun pameran saintifik sareng penilaian auténtik dina prosés pangajaran.


Disusuna ieu buku téh mangrupa lajuning laku tina Surat Edaran Kepala Dinas Pendidikan Provinsi Jawa Barat, Nomor 423/2372/Setdisdik, 26 Maret 2013, negunaan Pembelajaran Muatan Lokal Bahasa dan Sastra Daerah pada jenjang SD/MI, SMP/MTs, SMA/MA, SMK/MAK. Sajabi ti eta, ogé

dumasar kana Peraturan Gubernur Jawa Barat Nomor 69 Tahun 2013, ngeunaan Pembelajaran Muatan Lokal Bahasa dan Sastra Daerah pada Jenjang Pendidikan Dasar dan Menengah.

Muga-muga waé ieu buku téh aya manpaatna ka urang sadaya, tur janten cukanglantaran dina merenahkeun sareng memeres basa jeung sastra daerah, anu udagan langkung tebihna pikeun ngamumulé sareng mekarkeun basa jeung sastra daérah, ngalangkungan jalur atikan di Jawa Barat.

Tangtosna ogé ieu buku téh teu acan tiasa disebut sampurna. Ku margi kitu, teu kinten diantos-antosna kamadang ti sadayana. Saukur kakirangan anu nyampak dina ieu buku bakal teras didangdosan, supados tiasa nyumponan pameredih sareng kaayaan pajaman.

Bandung, Desember 2013
Kepala Balai Pengembangan
Bahasa Daerah dan Kesenian,



Drs. H. Husen R. Hasan, M.Pd.

Pembina Tk. I

NIP. 196110051986031014

PANGJAJAP

Kurikulum 2013 saenyana mangrupa Kurikulum Berbasis Kompetensi (KBK) pikeun nyanghareupan panéka jaman, utamana mah kompetensi atawa kamampuh abad ka-21. Dina ieu abad, daék teu daék butuh karancagéan dina rupining widang, kaasup kamekaran téhnologi, informasi, jeung komunikasi (TIK) milu nangtukeun warna pangajaran basa Sunda.

Luyu jeung éta hal, rumusan kompetensi sikep (agama jeung sosial), kaweruh, jeung kaparigelan nu dipaké dadasar dina Kurikulum 2013 kudu ngaheulakeun pentingna karancagéan jeung komunikasi. Najan kitu, dina pangajaran basa Sunda mah dititénan ogé kahasan basa jeung budaya Sunda minangka média jeung wahana pangajaran basa Sunda.

Téma-téma dina buku pangajaran basa Sunda diluyukeun kana téma-téma dina pangajaran tématis SMP/MTs nu sipatna nasional. Kompetensi nu dipiharep ku barudak SMP/MTs dirumuskeun minangka kamampuh mikir jeung paripolah nu rancagé dina ranah nyamuni (abstrak) jeung nembrak (konkrit). Eta kamampuh téh diécéskeun dina kompetensi inti (KI) anu dipidangkeun ku kaweruh dina basa Sunda anu bener tur merenah, ngéntép seureuh, sarta luyu jeung kontéks situasi. Eta kamampuh téh dirancang dina prosés pangajaran winangun papancén (*project based learning*) jeung ngoréhan (*discovery learning*) anu nyoko kana léngkah-léngkah ngilmiah (*saintifik*) kayaning niténan, nanya, nyoba (nyungsi), nalar, jeung kedaling (ngomunikasikeun).

Ieu buku ngawincik tarékah minimal nu kudu dipilampah ku murid dina ngahontal kompetensi nu dipiharep. Luyu jeung pamarekan dina Kurikulum 2013, murid diperedih gedé kawanina tur kadaék dina ngoréhan kaweruh perkara basa jeung sastra Sunda, anu engkéna parigel maké basa Sunda. Dampakna murid boga sikep anu hadé kana basa jeung sastra Sunda katut hirup kumbuhna, bari teu mopohokeun sikep agama.

Tangtu waé réa kénéh kahéngkérén ieu buku téh. Panyawad katut pangdeudeul pikeun nyampurnakeun ieu buku pohara dianti-atina.

Bandung, Oktober 2013

DAPTAR EUSI

PANGBAGEA:

1. Kepala Dinas Pendidikan Provinsi Jawa Barat	iii
2. Kepala Balai Pengembangan Bahasa Daerah dan Kesenian Dinas Pendidikan Provinsi Jawa Barat	v

PANGJAJAP	vii
-----------------	-----

BAB I: PITUDUH UMUM

A. Ngeunaan Buku Tuturus Guru	2
B. Padika Make Buku Tuturus Guru	2
C. Tatapakan Formal	4
D. Sistim, Prinsip, jeung Pamarekan Pangajaran	4
E. Standar Kompetensi Lulusan (SKL)	5
F. Proses Pangajaran	5
G. Kompetensi Inti (KI) jeung Kompetensi Dasar (KD) Kelas VII SMP/MTs	6
H. Péta Konsép	8

BAB II: PITUDUH HUSUS

Pangajaran 1: Paguneman

A. Paguneman Sapopoé	10
B. Medar Paguneman	12
C. Molahkeun Paguneman	13
D. Paguneman dina Diskusi	14
	ix

E. Kalimah Langsung dina Paguneman	17
F. Miceun Tanda Kekenteng	18
G. Nyusun Paguneman Jadi Wangun Skenario Drama	19
H. Ngawanohkeun Kekecapan	21

Pangajaran 2: Pangalaman Pribadi

A. Maca Pangalaman Pridadi	22
B. Pangalaman nu Ditulis dina Catetan Poéan	23
C. Nulis Carita Pangalaman.....	25
D. Ngabandingkeun Pangalaman Pribadi jeung Catetan Poéan.....	26
E. Padika Nyusun Pangalaman	28
F. Ngalarapkeun Kecap.....	30
G. Ngalarapkeun Babasan	30
H. Ngalarapkeun Kapamalian	32

Pangajaran 3: Wawaran jeung Iklan Layanan Masarakat

A. Maca Wawaran	33
B. Maca Iklan Tinulis.....	34
C. Ngaregepkeun Iklan dina Radio.....	35
D. Ngabandungan Iklan dina TV	35
E. Medar Iklan-iklan di Luhur	36
F. Kajembaran Basa	37

Pangajaran 4: Kaulinan Barudak

A. Maca Jero Haté	39
B. Maca Skénario Kakawihan dina Kaulinan	41
C. Medar Oray-orayan.....	42
D. Nembangkeun Kakawihan	42
E. Ngawanohkeun Kekecapan	43

Pangajaran 5: Dongéng

A. Maca Dongéng Sasatoan.....	44
B. Medar Dongéng	45

C. Babagian Dongéng	46
D. Maca Dongéng Si Kabayan	47
E. Tokoh Dongéng Siga Si Kabayan	48
F. Maca Dongéng Sunan Gunung Jati	48
G. Kajembaran Basa	49

Pangajaran 6: Sajak

A. Maca Sajak.....	51
B. Medar Perkara Sajak	52
C. Ngadéklamasikeun Sajak.....	52
D. Pedaran Déklamasi	53
E. Ngarang Sajak	54

Pangajaran 7: Pupujian

A. Nadomkeun Pupujian	56
B. Nadomkeun Pupujian Babarengan	57
C. Maham Eusi Pupujian	57
D. Wangun Pupujian	59
E. Ngabandingkeun Pupujian jeung Sajak.....	60

Pangajaran 8: Aksara Sunda

A. Nuliskeun Aksara Sunda	62
B. Maca jeung Nulis Aksara Sunda	63
C. Ngagunakeun Aksara Sunda	63
Pituduh Meunteun.....	65

BAB III: PITUDUH MEUNTEUN

A. Wangenan Asesmen Autentik	66
B. Rupa-rupa Asesmen Autentik	66
C. Conto Pormat Meunteun	69

BAB IV: BAHAN PANGJEMBAR

Pangajaran 1	84
Pangajaran 2	85
Pangajaran 3	86
Pangajaran 4	86
Pangajaran 5	87
Pangajaran 6	89
Pangajaran 7	90
Pangajaran 8	90
Pabukon	91

Bab I

PituduH Umum

A. Ngeunaan Buku Tuturus Guru

Ieu buku disusun sangkan guru meunang gambaran anu écés dina ngalaksanakeun kagiatan pangajaran basa Sunda. Eusina ngawengku sawatara hal.

1. Wincikan léngkah-léngkah pangajaran dina raraga méré gambaran ka guru pikeun ngahontal kompetensi dasar (KD) jeung indikator.
2. Susunan léngkah-léngkah kagiatan anu ngagambarkeun pangajaran nu gumulung tur ngamalir.
3. Léngkah pangajaran nu disusun dipiharep bisa ngahontal pangalaman diajar nu miharti (*meaningfulness*) pikeun ngawangun sikep jeung paripolah hadé, ngawasa konsép, kaparigelan mikir nu ilmiah (saintifik), kamampuh ngaréngsékeun masalah, karancagéan, pribadi nu sonagar (répléktif), tur numuwuhkeun rasa basa Sunda.
4. Dadaran rupining téhnik pikeun meunteun kamampuh murid.
5. Wawaran pikeun calecer (acuan) kagiatan rémédiat jeung ngajembaran pangaweruh murid.
6. Pidangan kagiatan diajar nu silih simbeuh tur silih élédan (*sharing*).
7. Pituduh ngeunaan cara maké buku babon murid.

Kagiatan dina ieu buku dirancang pikeun mekarkeun kamampuh (sikep, kaweruh, jeung kaparigelan) murid kalawan gumulung tur rinéka. Ari paripolahna ngawengku:

1. Muka pangajaran ku karep murid saperti maca atawa ngaregepkeun téks, tumanya, ngawih, kaulinan, démonstrasi, pidangan masalah, jsté.
2. Nepikeun tujuan pangajaran nepi ka murid bisa nyangreb wawaran nu ditepikeun.
3. Ngali kaweruh murid samémehna sangkan bisa ngait jeung kaweruh nu bakal diulik.
4. Papancén nu malapah gedang sangkan murid kabantu dina nyangkem konsép.
5. Méré lolongkrang pikeun ngalatih kaparigelan murid.
6. Méré unduring laku (umpan balik) pikeun ngukuhan pamahaman murid.

B. Padika Make Buku Tuturus Guru

Ieu buku Tuturus Guru téh mibanda kagunaan ganda, jaba ti pituduh maké buku babon murid ogé jadi calecer (acuan) keur kagiatan pangajaran di kelas. Guru dipiharep niténan heula sawatara hal nu dipidangkeun dina ieu buku.

1. Baca heula ieu buku kalawan telik tur imeut unggal kaca.
2. Cangkem heula tiap-tiap KD jeung indikator pangajaran.
3. Tarékahan pikeun ngasupkeun KI-1 jeung KI-2 dina sakumna kagiatan pangajaran. Guru kudu nguatan jeung ngukuhan tarékah pikeun ngawangun sikep, kaweruh, katutg paripolah murid anu hadé.
4. Deudeul kahontalna KI-1 jeung KI-2 ku kagiatan “pembiasaan”, pieunteungeun, pituladeun, jeung kultur di sakola anu hadé.
5. Luyukeun tiap-tiap léngkah kagiatan dina buku tuturus guru jeung buku babon murid.
6. Mekarkeun gagasan rancagé dina milih padika pangajaran. Sungsi ogé kagiatan séjén lamun kaayaan teu luyu jeung naon-naon nu geus dirancang.
7. Rupining stratégi pangajaran nu rék dimekarkeun (kayaning murid niténan, nanya, nyaritakeun, metakeun, ngawih, jsté.) kudu ngalibetkeun muridna sorangan jeung ngalibetkeun warga atawa lingkungan sakola.
8. Guru dipiharep mekarkeun:
 - a. Méthode “pengajaran aktif, inovatif, kréatif, éféktif, dan menyenangkan (PAIKEM)”;
 - b. Timbang-timbang ogé maké pamarekan komunikatif jeung kontékstual;
 - c. Kaparigelan nanya atawa tumanya;
 - d. Kaparigelan muka jeung mungkas pangajaran;
 - e. Kaparigelan ngolah kelas jeung pidangan kelas.
9. Gunakeun media jeung sumber diajar nu aya di sabudeureun sakola atawa patali jeung sosial budaya Sunda.
10. Alokasi waktu nyoko kana struktur kurikulum. Guru bisa nangtukeun sorangan alokasi waktu luyu jeung minggu éféktif, situasi katut kaayaan di sakola.
11. Dina sataun ajaran kelas VII aya dalapan materi anu kudu dibagi ku guru kalawan proporsional keur dua seméster. Kudu ditimbang-timbang ogé alokasi waktu antara seméster I jeung seméster II sangkan pangajaran bisa ditepikeun luyu jeung alokasi waktu anu nyampak.
12. Unggal matéri galeuh rata-rata dirancang keur sabulaneun (4 x lawungan).
13. Kagiatan dina minggu kahiji dimimitian ku niténan bahan, karep réseptif (ngaregepkeun jeung maca), minggu kadua mangrupa kagiatan nyoba jeung ngulik, ari minggu katilu jeung kaopat ngalarapkeun atawa midangkeun (kagiatan kréatif nulis jeung nyarita) hasil tina minggu kahiji jeung kadua. Murid digiring sangkan kaasah daya nalar jeung mikirna kalawan ngaleunjeur. Kagiatan dirancang pikeun méré lolongkrang tumanya jeung ngali wawaran nu deukeut jeung murid.

14. Hasil pagawéan murid jeung bukti peunteun bisa dikumpulkeun dina portofolio murid.
15. Pikeun tarékah ngoméan diri jeung minggu éféktif, jieun catetan réfleksional sanggeus hiji téma atawa bahan réngsé katepikeun.
16. Deudeul murid sina resepeun kana basa Sunda sarta yakinkeun yén manéhna téh cerdas tur bisa.
17. Sangkan tujuan pangajaran kahontal, guru ogé perlu saregep, enya-nya, tur sabar dina nyanghareupan murid. Ari sababna, kamampuh murid téh béda-béda. Katambah-tambah teu sakumna padika pangajaran loyog pikeun sakumna guru, murid, tempat, waktu, jeung bahan ajar.

C. Tatapakan Formal

Bahan ajar basa Sunda anu dipidangkeun dina ieu buku dumasarkana Kurikulum 2013, ngawengku kasang tukang, karakteristik, jeung tujuan. Kurikulum basa Sunda atawa Kompetensi Inti jeung Kompetensi Dasar (KIKD) Mata Pelajaran Basa jeung Sastra Sunda disusun jeung dikaluarkeun ku Balai Pengembangan Bahasa Daerah dan Kesenian (BPBDK), Dinas Pendidikan Provinsi Jawa Barat. Lamun disusun ka luhurna, ngindungna mah tangtu waé kana Kurikulum Tingkat Nasional, da nu ieu mah kaasup kana Kurikulum Daerah (Kurda).

Kurikulum Basa Sunda anu disusun ku BPBDK téh diwincik jadi KIKD, luyu jeung pola struktur Kurikulum Nasional. KIKD disusun mangrupa struktur anu maneuh, tur salawasna kudu jadi padoman dina kagiatan diajar-ngajar. Cindekna, sajeroning guru ngajarkeun basa Sunda, dipahing méngpar tina katangtuan KIKD, téma, jeung alokasi waktu. Ari dina lebah milih bahan katut ngajarkeunana mah guru dibéré lolongkrang keur ngembangkeun karancagéanana.

Ieu buku poma ulah dianggap hiji-hijina sumber keur tuturus guru. Ari sababna, naon-naon nu diperedih ku KIKD téh moal sagemblengna kacumponan mun ukur ngandelkeun tina hiji sumber. Kudu aya sumber-sumber lianna pikeun pangrojong kagiatan diajar-ngajar, di antarana média massa, bagbagan paélmuhan lianna, jeung kondisi sosial budaya masarakat Sunda. Nya ka lebah dinya pisan guru kudu rancingeus pikeun néngan jeung ngungkab bahan pangrojong sangkan KIKD bisa kahontal jeung kacumponan.

D. Sistim, Prinsip, jeung Pamarekan Pangajaran

Sakabéh matéri dina ieu buku diluyukeun jeung sistem pidangan buku babon murid, nu dipidangkeun maké sistem spiral; dimitian ti nu babari heula,

terus ningkat ka nu hésé. Heula pandeurina nyusun bahan anu dumasar kana babari héséna téh tumerap kana saban pangajaran.

Sistem spiral anu dignakeun dina ieu buku dumasar kana prinsip proporsional, tur tahapan (gradasina) henteu patarenggang. Hal ieu bisa tumerap dina wangun lahiriahna (panjang-pondokna, basajan-kompleksna) kecap, kalimah, atawa wacana, bisa deuih dina eusi atawa substansina (gampang-henteuna).

E. Standar Kompetensi Lulusan (SKL)

Ranah	SD/MI	SMP/MTs	SMA/SMK/ MA/MAK
Sikep	Nampa, ngajalankeun, ngajénan, jeung ngamalkeun		
	Pribadi nu iman, ahlak mulia, percaya diri jeung tanggung jawab dina patali marga kalawan merenah jeung lingkungan masarakat, alam sabudeureun, sarta dunya katut adabna.		
Kaparigelan	Nampa, nanya, nyoba, ngolah, midangkeun, nalar, jeung ngalarapkeun		
	Pribadi nu mampu mikir jeung lumampah kalawan merenah tur rancagé dina ranah nyamuni (abstrak) jeung nembrak (konkrit).		
Kaweruh	Mikanyaho, nyangkem, nerangkeun, ngolah, jeung meunteun.		
	Pribadi nu ngawasa élmu kaweruh, téhnologi, seni budaya, sarta wawasan kamunasaan, kabangsaan, kanagaraan, jeung peradaban.		

F. Proses Pangajaran


Prosés pangajaran lumangsung maké pamarekan saintifik, anu léngkah-léngkahna:

1. Niténan (*mengamati*), ku cara maca, ngaregepkeun, atawa nongton;
2. Nanya (*menanya*), ku cara ngayakeun tanya jawab atawa sawala;
3. Nalar (*menalar/mengasosiasi*), ku cara nambahan kaweruh anu leuwih jembar;
4. Nyungsi atawa nyoba (*eksplorasi/eksperimen*);
5. Midangkeun, ngedalkeun, atawa nepikeun (*mengkomunikasikan*)
6. Ngawangun ramatloka (*networking*) ku cara néangan bahan tina sumber anu lian.

G. Kompetensi Inti (KI) jeung Kompetensi Dasar (KD) Kelas VII SMP/MTs

KOMPETENSI INTI (KI)	KOMPETENSI DASAR (KD)
7.1 Menghayati dan mengamalkan ajaran agama yang dianutnya	7.1.1 Menghargai dan mensyukuri keberadaan bahasa Sunda sebagai anugerah Tuhan yang Maha Esa sebagai sarana komunikasi melalui PAGUNEMAN, WAWARAN dan atau IKLAN LAYANAN MASYARAKAT, PANGALAMAN PRIBADI, AKSARA SUNDA, KAULINAN BARUDAK, DONGENG, SAJAK, dan PUPUJIAN.
7.2 Menghargai dan menghayati perilaku jujur, disiplin, tanggung jawab, peduli (toleransi, gotong royong), santun, percaya diri, dalam berinteraksi secara efektif dengan lingkungan sosial dan alam dalam jangkauan pergaulan dan keberadaannya	<p>7.2.1 Menunjukkan perilaku jujur, tanggung jawab, dan santun dalam menggunakan bahasa Sunda untuk PAGUNEMAN SEHARI-HARI dan KAULINAN BARUDAK.</p> <p>7.2.2 Menunjukkan perilaku jujur, tanggung jawab, dan santun dalam menggunakan bahasa Sunda untuk membuat WAWARAN dan atau IKLAN LAYANAN MASYARAKAT, PANGALAMAN PRIBADI, dan AKSARA SUNDA.</p> <p>7.2.3 Menunjukkan perilaku jujur, tanggung jawab, dan santun dalam menggunakan bahasa Sunda untuk mengapresiasi dan mengekspresikan DONGENG, SAJAK, dan PUPUJIAN</p>
7.3 Memahami pengetahuan (faktual, konseptual, dan prosedural) berdasarkan rasa ingin tahunya tentang ilmu pengetahuan, teknologi, seni, budaya terkait fenomena dan kejadian tampak mata	<p>7.3.1 Mengidentifikasi, memahami, dan menganalisis teks PAGUNEMAN tentang kehidupan SEHARI-HARI sesuai dengan kaidah-kaidahnya.</p> <p>7.3.2 Mengidentifikasi, memahami, dan menganalisis teks KAULINAN BARUDAK sesuai dengan kaidah-kaidahnya.</p> <p>7.3.3 Mengidentifikasi, memahami, dan menganalisis teks wawaran dan atau IKLAN LAYANAN MASYARAKAT sesuai dengan kaidah-kaidahnya.</p> <p>7.3.4 Mengidentifikasi, memahami, dan menganalisis teks PANGALAMAN PRIBADI sesuai dengan kaidah-kaidahnya.</p>

	<p>7.3.5 Mengidentifikasi, memahami, dan menganalisis DONGENG sesuai dengan kaidah-kaidahnya.</p> <p>7.3.6 Mengidentifikasi, memahami, dan menganalisis SAJAK sesuai dengan kaidah-kaidahnya.</p> <p>7.3.7 Mengidentifikasi, memahami, dan menganalisis PUPUJIAN sesuai dengan kaidah-kaidahnya.</p> <p>7.3.8 Mengidentifikasi dan menganalisis kalimat yang menggunakan AKSARA SUNDA sesuai dengan kaidah-kaidahnya.</p>
<p>7.4 Mencoba, mengolah, dan menyaji dalam ranah konkret (menggunakan, mengurai, merangkai, memodifikasi, dan membuat) dan ranah abstrak (menulis, membaca, menghitung, menggambar, dan mengarang) sesuai dengan yang dipelajari di sekolah dan sumber lain yang sama dalam sudut pandang/teori</p>	<p>7.4.1 Menyusun dan memperagakan PAGUNEMAN tentang kegiatan SEHARI-HARI</p> <p>7.4.2 Mengekspresikan dan menanggapi KAULINAN BARUDAK sesuai dengan kaidah-kaidahnya.</p> <p>7.4.3 Menyusun dan menanggapi wawaran dan atau IKLAN LAYANAN MASYARAKAT,</p> <p>7.4.4 Menyusun dan menanggapi teks PANGALAMAN PRIBADI sesuai dengan kaidah-kaidahnya secara lisan dan tulisan.</p> <p>7.4.5 Menafsirkan, menanggapi, dan menyajikan isi serta nilai-nilai yang terkandung dalam DONGENG sesuai dengan kaidah-kaidahnya secara lisan dan tulisan.</p> <p>7.4.6 Menafsirkan, menanggapi, dan mengekspresikan SAJAK sesuai dengan kaidah-kaidahnya.</p> <p>7.4.7 Menafsirkan, menanggapi, dan mengekspresikan PUPUJIAN sesuai dengan kaidah-kaidahnya.</p> <p>7.4.8 Menulis kalimat yang menggunakan AKSARA SUNDA dengan baik dan benar.</p>



Bab II

PituduH Husus

PAGUNEMAN

A. Paguneman Sapopoé

Kegiatan Awal

Guru asup ka kelas ngucapkeun salam, murid ngajawab salam guru babarengan. Upama jam kahiji, guru mapancénan heula mingpin du’a babarengan, sanggeus réngséngadu’a KM nyiapkeun kelas. Guru ngondisikeun kelas sangkan teu garandéng, merenahkeun murid diuk dina korsi séwang-séwangan kalawan tartib. Sanggeus kelas tartib tur rapih, guru ngabsén murid, nu katohyan teu sakola, guru mapaykeun ka murid nu deukeut imahna pikeun ngayakinkeun naha bener gering, ijin, atawa alpana. Murid ngaluarkeun buku pakét “Basa Sunda” jeung buku tulis husus pelajaran basa Sunda.

No	KAGIATAN
1.	Saméméh ngamimitian prosés diajar ngajar, guru ngawanohkeun heula matéri nu baris diajarkeunana, dijéntrékeun téma katut tujuan nu kudu kahontal ku murid dina Pangajaran 1. Saterusna guru ogé ngawanohkeun subtéma-subtéma lianna anu raket tur ngait kana téma utama paguneman, ngawengku paguneman sapopoé, tatakrama dina paguneman, molahkeun paguneman dina wangun drama, paguneman dina diskusi, kalimah langsung dina paguneman, miceun tanda kekenteng, nyusun paguneman jadi skenario drama, jeung ngawanohkeun kekecapan atawa istilah dina paguneman. Tina ieu kagiatan dipiharep murid mikawanoh, mikaresep, bisa molahkeun, jeung bisa nulis rupa-rupa paguneman
2.	Guru ngamimitian ngajarkeun paguneman ku cara ngilukeun sakumna murid pikeun maca jero haté wacana “Indung jeung Anak” dina buku murid nu unina kieu: “Mah, aya nu badé ditaroskeun,” ceuk Atia. “Naroskeun naon? Ké, Mamahna capé kénéh,” jawab indungna. Geus biasa, lamun tas nyanyabaan, Atia mah sok tetelepék ngeunaan naon-naon anu katénjo atawa nu kaalaman, boh di perjalanan boh di tempat nu dituju. Harita ogé kakara jol pisan tas piknik ti Maribaya. “Sok, badé naroskeun naon? Mani bangun daria,” ceuk indungna deui, bari neuteup... bréh budak téh mani ngembang céngék.

	<p><i>“Kieu, Mah...naon margina ari naék mobil sok istri heula, ari lungsur sok pameget heula. Geuning tadi ogé, basa naék angkot, bapa mah ti pengker naékna...lungsurna mah ti payun,” pokna.</i></p> <p><i>“Tah, éta téh salasihiji tatakrama dina naék jeung turun tina mobil.”</i></p> <p><i>“Naon ari tatakrama téh, Mah?” Atia nanya deui.</i></p> <p><i>“Tétéh terang! Tatakrama téh aturan sopan santun téa, nya?” omong lanceukna, haget mangjawabkeun.</i></p> <p><i>“Leres. Sakumaha ceuk si Tétéh, tatakrama téh mangrupa aturan sopan santun dina hirup kumbuh sapopoé. Tatakrama téh jembar pisan. Lain ngan dina naék-turun mobil baé, dina nyarita, waktu nyémah, dina maké papakéan, waktu dahar, angga-ungguh awak, ngaliwat ka hareupeun jalma...,” ceuk indungna, ngécéskeun.</i></p>
3.	<p>Sanggeus tamat macana, guru nunjuk salasaurang murid pikeun ngajelaskeun eusi wacana maké basana sorangan di hareup. Saterusna bagilir dijojoan ku guru, henteu dumasar daftar siswa nu kaunggel dinaabsén, nepi ka dua-tilu urang mah ka hareup. Ieu téh penting malar sakumna murid kalibet diajar kalawan daria, wantér, jeung mibanda kaparigelan dina nyarita.</p>
4.	<p>Murid dibéré pamahaman ngeunaan lentong, pasémon, jeung tatakrama basa nu kudu diperhatikeun dina paguneman sapopoé. Sanggeus wawasan murid mimiti kapangaruhan, guru narékahan geusan ngahudang kasadaran murid yén pohara pentingna merhatikeun éta hal dina paguneman.</p>
5.	<p>Guru ngasongkeun téma pikeun dijadikeun wacana paguneman dina karangan lancar.</p> <p>(1) Jieun naskah paguneman nu ditulis dina wangun carita lancar antara murid jeung guruna ngeunaan pentingna diajar basa Sunda. Dina ieu paguneman kudu enya-nya merhatikeun tatakrama basa anu merenah. Sing kagambar kumaha pamadegan guru kana basa Sunda, jeung kumaha deuih ari pamadegan siswa.</p> <p>(2) Di kebon binatang, Tita, Nani, jeung Sinta keur niténan gajah. Tiluanana boga pamanggih anu béda ngeunaan gajah luyu jeung kanyahona. Pék jieun paguneman anu obyékna gajah dina karangan paguneman wangun lancar saperti conto wacana “Indung jeung Anak” tadi di luhur.</p>

6.	Tina dua téma bahan karangan paguneman, guru bisa meunteun tina jihat strukturna, kekecapan nu dipakéna, tanda baca, jeung logika karangan. Karangan hasil pagawéan murid henteu diajén mutlak bener atawa salahna.
----	---

B. Medar Paguneman

No	KAGIATAN
1.	Dina bagian B medar ngeunaan paguneman, murid dibéré tugas maca pedaran. Sanggeus bérés maca, murid dibéré lolongkrang pikeun tumanya, guru ngajawab sarta ngajukeun pertanyaan-pertanyaan sacara lisan.
2.	<p>Dina kagiatan 2 guru mere pancén tinulis anu kudu dipigawé murid, aya pertanyaan nu jawabanana geus nyampak dina wacana, nyaéta:</p> <ol style="list-style-type: none"> (1) Nanyakeun naon Atia ka indungna téh? (2) Ari nu dipikareueus ku indungna saha? (3) Saha waé anu kalibet dinaéta paguneman? (4) Naon nu jadi téma dina éta paguneman téh? <p>Pertanyaan séjénna pikeun ngawangun konteks kucara ngahudang pamanggih murid, jawabanana relatif sarta henteu dipeunteun bener atawa salahna.</p> <ol style="list-style-type: none"> (5) Tatakrama téh jembar. Cik terangkeun! (6) Ari tatakrama dina nyarita kudu kumaha? (7) Naon sababna tatakrama diperlukeun dina kahirupan? (8) Cik kumaha kira-kirana lamun jalma teu boga tatakrama?
3.	<p>Pikeun ngawangun konteks pembelajaran, guru ogé bisa ngahudang imajinasi murid ku cara némbongkeun hiji gambar anu neueur kana tatakrama. Murid sina nyaritakeun éta gambarbari sakalian méré koméntar saluyu jeung nu aya dina pikiranana. Pék caritakeun ieu gambar di handap sarta koméntaran!</p> <p>Gbr. Menunjukkan alamat dengan tangan kiri badan dan kepala tegak.</p>

	<p>Dongéng jeung koméntar murid kana éta gambar henteu dipeunteun bener atawa salahna! Salian ti ngoméntaran gambar, murid ogé kudu bisa nyindekeun eusi pedaran ku cara disodorkeun pertanyaan saperti kieu:</p> <p>(1) Sebutan rupa-rupa tatakrama dina kahirupan!</p> <p>(2) Tatakrama naon baé anu kudu diperhatikeun dina paguneman téh?</p>
--	---

C. Molahkeun Paguneman

No	KAGIATAN
1.	<p>Bagian C Molahkeun Paguneman, murid diwanohkeun kana modél paguneman drama. Tokoh palaku nu aya dina éta naskah diragakeun di hareup, lentong paguneman saban tokoh dicontoan ku guru sarta terus diturutan ku murid nu ngaragakeun.</p>
2.	<p>Guru ngajelaskeun bédana paguneman dina naskah drama jeung paguneman dina karangan wangun lancar. Dina naskah drama aya bagian kalimah pikeun ngagambarkeun suasana, saperti conto ieu di handap.</p> <p>LURAH KONGSI: <i>(Bari ngajenghok terus ngeleper)</i> Ju...juragan Demang anukahurmat, Juragan Patinggi anu kahurmat, Juragan...</p> <p>LURAH KONGSI: Ju...ju...jur...juriig! <i>(Bari naplékan biwirna sorangan bawaning ku keuheul)</i>. Naha biwir téh jadi kieu? <i>(Ka gegedén)</i>. Duh juragan Demang, neda hampura, janten macétkieu....</p> <p>DEMANG: <i>(Bari imut wibawana)</i> Keun baé. Teu kudu inggis. Sakitu gé lumayanayasoraan kénéh. Ngan tangtu di Kadaleman mah kudu daria tur lungsur- langsar. Bisa teu kira-kirana biantara hareupeun Dalem?</p> <p>LURAH KONGSI: <i>(Bari hulang-huleng bingung)</i> Pa...payuneun Dalem?</p> <p>Ungkara nu aya di jero kurung téh gunana pikeun ngébréhkeun suasana dina paguneman drama, pituduh pikeun nu ngaragakeun.</p>

Dina subtéma C Molahkeun Paguneman, guru ngayakeun dua kagiatan inti, nyaéta:

Kagiatan 1

Guru nugaskeun murid bagilir genep urang-genep urang saluyu jeung jumlah palaku dina éta sempalan drama pikeun ngaragakeun paguneman.

Kagiatan 2

Sakabéh murid dibéré pancén ngaapresiasi babaturanana nu kagiliran ka hareup, pamanggihna dicatetkeun saperti dina kolom ieu di handap:

Wasta:	Hasil pangajén	
	Pasémon/eksfrési	Lentong
1.
2.
3.
4.
5.
6.
	Peunteun:	Paraf guru:

Kagiatan 3

Murid dibéré pancén ngarang naskah paguneman winangun drama tina nu kaalamanana sapopoé. Palaku dina éta karangan ditangtukeun antara 3-5 urang. Téma paguneman bébas gumantung murid.

D. Paguneman dina Diskusi

No	KAGIATAN
1.	Dina ieu pangajaran, subtéma D Paguneman dina Diskusi, guru ngajelaskeun heula peran pangjejer (narasumber), panumbu catur (moderator), pamilon nyaéta peserta atawa nu milu kana kagiatan diskusi, jeung girang serat (notulén). Pangjejer nyaéta nu medar atawa méré matéri diskusi, panumbu catur nu ngatur lumangsungna kagiatan diskusi, jeung girang serat nyaéta anu nyatet pertanyaan, jawaban katut pikiran-pikiran salila lumangsungna diskusi.

	<p>Dina kagiatan (1) guru ngawanohkeun basa atawa kekecapan panumbu catur, étika pamilon dina ngajukeun pamanggih atawa pertanyaan, jeung pangjejer dina nepikeun matérina.</p>
2.	<p>Pikeun ngawangun konteks paguneman dina diskusi, murid dibéré pancén neruskeun paguneman antara panumbu catur, pangjejer, jeung pamilon saluyu jeung nu aya dina pikiran murid. Diebréhkeun heula pamikiran awal saperti ieu di handap anu saterusna diteruskeun ku murid.</p> <p>PANUMBU CATUR: Saparantos narasumber ngadugikeun makalahna, salajengna para pamilon dipasih kasempetan kanggo ngadugikeun patarosan. Urang bagi 3 termin waé, termin kahiji tilu jalmi, termin kadua tilu jalmi, lajeng termin katilu kanggo dua jalmi margi waktosna bilih teu nyekapan. Mangga kanggo termin kahiji...</p> <p>PAMILON 1: Naon nu ngalantarankeun masarakat teu disiplin di tempat umum?</p> <p>PAMILON 2: Naha perlu masarakat nu ngalanggar aturan dibéré sangsi?</p> <p>PAMILON 3: Sim kuring moal ngajengkeun patarosan, tapi badé ngadugikeun pamadegan yén timbulna rupa-rupa kateuberésan téh akibat aparat henteu tegas!</p> <p>PANUMBU CATUR: Salajengna mangga ka pangersa narasumber kanggo ngawaler.</p> <p>PANGJEJER: Hatur nuhun... haduh patarosan kalintang saéna. Urang waler sakaligus waé. Naon sababna masarakat teu disiplin, sapertos miceun runtah, dagang di trotoar, parkir sakarepna, jst. Tadi tos disabit, di antarana balukar teu kungsi meunang kabiasaan disiplin di kulawargana, leres ari numutkeun aturan mah mémang tos aya peraturan daérah (perda) nu sangsina kurungan badan atawa denda, tapi kan henteu gampil kitu waé. Sim kuring gé panuju kana pamadegan</p>

	<p>yén aparat henteu tegas, tapi bisa jadi aya pertimbangan–pertimbangan séjén. Upamana waé, padagang kaki lima dirajia, tangtu sanggeus dirajia kudu aya jalan kaluarna.</p> <p>PANUMBU CATUR: Hatur nuhun ka narasumber anu parantos ngawaler, rupina sugema teu sugema kedah sugema kana waleran narasumber, salajengna kanggo termin kadua, mangga dihaturananan.</p> <p>PAMILON 1 :</p> <p>.....</p> <p>.....</p> <p>.....</p> <p>PAMILON 2 :</p> <p>.....</p> <p>.....</p> <p>.....</p> <p>PAMILON 3 :</p> <p>.....</p> <p>.....</p> <p>.....</p> <p>PANUMBU CATUR :</p> <p>.....</p> <p>.....</p> <p>.....</p> <p>PANGJEJER :</p> <p>.....</p> <p>.....</p> <p>.....</p> <p>PANUMBU CATUR :</p> <p>.....</p> <p>.....</p> <p>.....</p>
--	---

	Hasil pagawéan murid sipatna relatif, henteu mutlak bener atawa salah, tapi angger dipeunteun bari dibéré catetan-catetan nu neueulkana pamakéan basa, kalimah, jeung logika pikiran murid.
3.	Guru méré tugas kelompok pikeun nyusun skénario paguneman dina diskusi. Kelompokna tiluan nu engkéna nyangking posisi pangjejer, panumbu catur, jeung pamilon. Téma diskusi ditangtukeun ku guru nyaéta “Pentingna Perpustakaan pikeun. Kapentingan Diajar”. Hasil gawé kelompok dibacakeun di hareup terus murid séjén dibéré kasempetan keur ngajukeun pananya atawa pamanggihna.

E. Kalimah Langsung dina Paguneman

No	KAGIATAN
1.	<p>Dina bagian E Kalimah Langsung dina Paguneman, guru ngécéskeun heula wangenan kalimah langsung jeung kalimah teu langsung saperti nu kaunggel dina buku pakét. Saterusna guru nyutat wacana keur ngawewegan éta wangenan. Conto:</p> <p><i>“Naon ari tatakrama téh, Mah?” ceuk Atia ka indungna.</i></p> <p><i>“Tétéh terang! Tatakrama téh aturan sopan santun téa, nya?” omong lanceukna, haget mangjawabkeun.</i></p> <p>Dicutat ogé kalimah langsung nu geus dirobah jadi kalimah teu langsung, saperti ieu di handap.</p> <p>Atia tumanya ngeunaan tatakrama ka indungna. Dijawab ku lanceukna, Tétéh, yén nu dimaksud tatakrama téh nyaéta aturan sopan santun.</p>
2.	<p>Murid dibéré pancén nyieun sapuluh kalimah langsung. Conto:</p> <p>(1) “Minggu hareup mah kudu milu les basa Inggris,” cek Témi nepikeun omongan indungna.</p> <p>(2)</p> <p>(3)</p> <p>(4)</p> <p>(5)</p> <p>(6)</p> <p>(7)</p>

	(8)
	(9)
	(10)
	(11)
	Pagawéan murid dipariksa sarta dipeunteun ku guru.

F. Miceun Tanda Kekenteng

No	KAGIATAN
1.	Dina subtéma F, langkah guru nyaéta ngabandingkeun paguneman dina jero kekenteng jeung paguneman dina wangun drama. Saterusna murid dibéré pituduh ngeunaan suasana paguneman, nyaéta upama tanda kekenteng dipiceun, suasana ditulis di jero kurung.
2.	<p>Murid sina migawé pancén nuliskeun suasana paguneman nu disadiakeun dina jero kurung. Conto soal saperti kieu:</p> <p>a. “Kunaon mindeng kabaurangan sakola téh?” cek guru rada kerung. Guru: (rada kerung) Kunaon mindeng kabaurangan sakola téh?</p> <p>b. “Macét, Pa...” tembal murid, tungkul bangun rumasa salah. Murid: Macét, Pa ... (tungkul bangun rumasa salah)</p> <p>Soal-soal ieu di handap sina dipigawé ku murid sarta dipeunteun ku guru.</p> <p>(1) “Ari badé ngado’a kudu tartib, teu meunang ngobrol,” saur guru bari melong murid nu ngobrol. Guru: Ari baé ngado’a kudu tartib, teu meunang ngobrol. (melong murid nu ngobrol)</p> <p>(2) “Can ngalarisan geus breg hujan,” cek tukang dagang, pak pik pek méréasan dagangna. Tukang dagang: (pak pik pek méréasan dagangan) Can gé ngalarisan geus breg hujan.</p> <p>(3) “Tah kai ,mahoni pelak di dieu, jéngjén sisi gawir,” Pa Haji tadah-tuduh. Pa Haji: Tàh kai mahoni pelak di dieu, jéngjén sisi gawir. (tadah-tuduh)</p> <p>(4) “Bandung kosong... Bandung kosong...!” cek kenék bari muranténg. Kenék: Bandung kosong... Bandung kosong...! (muranténg).</p>

	<p>(5) “Cik nempo euy PR basa Sunda nu minggu kamari,” omong Feri ka Landi ngarebut buku.</p> <p>Feri: (ngarebut buku) Cik nempo euy PR basa Sunda nu minggu kamari.</p> <p>Guru bisa nambahan tepi ka 10 soal kalawan variatif.</p>
--	---

G. Nyusun Paguneman Jadi Wangun Skenario Drama

No	KAGIATAN
1.	<p>Dina subtéma G Nyusun Paguneman Jadi Wangun Skénario Drama, murid dibéré pancén pikeun ngarobah wacana paguneman tina wangun lancar jadi paguneman wangun drama.</p>
2.	<p>Guru ngasongkeun wacana ieu di handap anu kudu dirobah ku cara miceun tanda kekentengna bari suasana waktu lumangsungna paguneman bisa kagambarkeun.</p> <p><i>Édo geus tilu poé ... “Cik barudak sugan aya nu apal, ari Édo ka mana geus tilu poé?” saur Pa Eko, katingal socana niténan buku absén.</i></p> <p><i>“Teu damang, Pa,” Sutar haget mangjawabkeun.</i></p> <p><i>“Har, geuning teu ngirim surat...” waler Pa Eko, leuleuy.</i></p> <p><i>“Ngalempréh, Pa. Bujeng-bujeng tiasa ngadamel serat.”</i></p> <p><i>“Éh, ari Sutar, maksud Bapa téh kolotna, lain Édona! Karasa naon, cenah, Tar?”</i></p> <p><i>“Saur sepuhna mah, pitipeseun, Pa!” omong Sutar, teu kireum-kireum.</i></p> <p><i>Teu kaampeuh, ger téh murid sakelas sareuri. Untungna Pa Éko surti sarta gancang ngajéntrékeun naon nu dimaksud Sutar.</i></p> <p><i>“Lain pitipeseun atuh, Tar, gejala tipés meureun,” saur Pa Éko, leuleuy.</i></p> <p><i>“Leres ... muhun kitu maksud abdi téh,” jawab Sutar.</i></p> <p><i>“Beu, beu ... tina kadaharan atuh éta mah. Biasana mah balukar tambarakan bari keur kaayaan capé!”</i></p> <p><i>“Sumuhun, Pa. Ti payun téh wangsul olah raga, teras Édo teh jajan rujak cuka, és, sirop. Waktos istirahat, anjeunna oge jajan baso, da lapar saurna téh teu sasara heula,” Sutar, ngagorolang, nerangkeun.</i></p>

	<p><i>Sabada ngareungeu omongan Sutar, derekdek Pa Éko nerangkeun yén kadaharan, kabersihan, jeung kaséhatan téh raket pisan patalina. Kadaharan téh bisa nyéhatkeun, ngadatangkeun tanaga, tapi ogé bisa ngabalukarkeun awak gering.</i></p> <p><i>Pa Éko ngawanti-wanti yén kadaharan téh kudu enya-nya beresih, ulah tambarakan komo bari jeung can kadasaran ku sangu heula. Cindekna, saur Pa Éko, urang téh kudu diajar ngabiasakeun hirup séhat, berséka, beresih, dahar dina waktuna sarta ulah ngalobakeun teuing jajan anu teu paruguh.</i></p> <p><i>“Engké Bapa rék ngalongok, anteur baé ku Sutar,” saur Pa Éko mungkas cariosanana.</i></p>
3.	<p>Salian ti pancén di luhur, guru ogé nugaskeun murid pikeun migawé rupa-rupa latihan anu engkéna bakal dipeunteun sarta peunteunna didituliskeundina daptar peunteun tugas. Pancén latihanana di antrana ieu di handap!</p>

Latihan 1

Ieu aya bahan keur paguneman, hég jieun dina karangan wangun lancar saperti dina wacana “Indung jeung Anak” , saterusna robah jadi wangun skénario drama.

Tilu urang siswa SMP keur anteng di warnét néangan bahan jang diskusi kelompok. Ari bahan nu ditéanganana nyaéta perkara pentingna miara lingkungan hidup. Loba bahan nu diunduh terus diprint. Tah, dina milih-milih bahan nu geus meunang ngeprint téa timbulna paguneman, tiluanana papada ngajukeun pamanggih (pendapat).

Latihan 2

Jieun ogé ieu bahan paguneman dina wangun skénario drama.

Ngiritik kana karya seni dina paméran lukisan di Jalan Braga Bandung. Tokoh palakuna opat urang siswa SMP nyaéta Dani, Jéni, Winda, jeung Diani. Ari obyék lukisanana nyaéta lukisan pamandangan alam, diantaranya dina éta lukisan katémbong aya sawah, leuweung, gunung, saung sawah, manuk, nu magawé, budak nu ngurek belut, jeung Ibu Tani ngélék boboko ngajingjing téko. Pék jieun paguneman di antara nu opatan husus nyaritakeun lukisan.

Latihan 3

Jieun naskah paguneman nu ditulis dina wangun drama antara murid jeung guruna ngeunaan pentingna diajar basa Sunda. Dina ieu paguneman kudu enya-nya merhatikeun tatakrama basa anu merenah. Sing kagambar kumaha pamadegan guru kana basa Sunda, jeung kumaha deuih ari pamadegan siswa.

H. Ngawanohkeun Kekecapan

No	KAGIATAN																						
1.	Dina bagian G Ngawanohkeun Kekecapan, murid dibéré pengayaan keur ngajembaran basana, di antarana ngalarapkeun ngaran kekembangan nu kasabit dina paguneman “Indung jeung Anak”.																						
2.	<p>Guru ngabéréndélkeun ngaran kekembangan nu sok dilarapkeun dina omongan saperti ieu di handap!</p> <table><tr><th>Ngaran kembang</th><th>Sesebutannana</th></tr><tr><td>kembang awi</td><td>eumbreuk</td></tr><tr><td>kembang bako</td><td>bosongot</td></tr><tr><td>kembang cabé</td><td>bolotot</td></tr><tr><td>kembang céngék</td><td>méncéngés</td></tr><tr><td>kembang génjér</td><td>gélénýé</td></tr><tr><td>kembang jaat</td><td>jalinger</td></tr><tr><td>kembang tiwu</td><td>badaus</td></tr><tr><td>kembang kadu</td><td>olohok</td></tr><tr><td>kembang laja</td><td>jamotrot</td></tr><tr><td>kembang waluh</td><td>aléwoh</td></tr></table>	Ngaran kembang	Sesebutannana	kembang awi	eumbreuk	kembang bako	bosongot	kembang cabé	bolotot	kembang céngék	méncéngés	kembang génjér	gélénýé	kembang jaat	jalinger	kembang tiwu	badaus	kembang kadu	olohok	kembang laja	jamotrot	kembang waluh	aléwoh
Ngaran kembang	Sesebutannana																						
kembang awi	eumbreuk																						
kembang bako	bosongot																						
kembang cabé	bolotot																						
kembang céngék	méncéngés																						
kembang génjér	gélénýé																						
kembang jaat	jalinger																						
kembang tiwu	badaus																						
kembang kadu	olohok																						
kembang laja	jamotrot																						
kembang waluh	aléwoh																						
3.	<p>Murid ngeusian soal ngalengkepan kalimah ku ngaran kekembangan ieu di handap!</p> <ol style="list-style-type: none">1) Dagang téh ngembang awi poé ieu mah.2) Ari balik nyaba téh mani sok ngembang waluh.3) Basa tepung gé ngembang tiwu jiga kanu teu wawuh.4) Piraku teu apal peda, éta nu panonna ngembang cabé.5) Enya ari nyaritana mah ngembang bako tapi da bageur. <p>Soal bisa ditambah leuwih loba deui luyu jeung pangabutuh, upamana waé keur kapentingan ulangan.</p>																						

PANGALAMAN PRIBADI

Kegiatan Awal

Guru asup ka kelas ngucapkeun salam, murid ngajawab salam guru babarengan. Upama jam kahiji, saméméh KM nyiapkeun kelas, guru nugaskeun heula mingpin du'a, réngsé ngado'a babarengan kakara KM nyiapkeun kelas. Guru ngondisikeun kelas sangkan teu garandeng, merenahkeun murid sangkan diuk dina korsi kalawan tartib. Sanggeus kelas tartib tur rapih, guru ngabsén murid, nu katohyan teu sakola, guru mapaykeun ka murid nu deukeut imahna pikeun ngayakinkeun naha bener gering, ijin, atawa alpana.

A. Maca Pangalaman Pridadi

No	KAGIATAN
1.	Dina subtéma A Maca Pangalaman Pribadi, guru nugaskeun maca karangan beunang Hastian nu eusina pangaresep jeung cita-cita dirina. Saterusna murid dipénta ngajawab sawatara pertanyaan, nepikeun pamanggihna, jeung nuliskeun pangalaman pribadina nu mangrupa pangaresep katut cita-citana dina Pancén 1, Pancén 2, jeung Pancén 3.
2.	Dina Pancén 1, murid sina ngajawab sababaraha soal nu aya patalina jeung karangan pribadi nu geus dibaca. Pertanyaan nu kudu dijawab murid saperti ieu di handap! (1) Urang mana Hastian téh? (2) Naon baé kaulinan nu dipikaresepna? (3) Salian ti kaulinan, resep naon deui Hastian téh? (4) Naon sababna leuwih resep nguseup lamun tas hujan? (5) Naon nu jadi cita-cita Hastian téh? Keur ngawangun konteks, guru ogé bisa ngajukeun pertanyaan nu eusina nataan kaulinan barudak jaman ayeuna.
3.	Pikeun ngahudang pamanggih murid, guru bisa ngajukeun pertanyaan-pertanyaan sapertidina Pancén 2 ieu di handap! (1) Kaulinan naon waé nu kaalaman ku hidep keur leutik? (2) Naon sababna kaulinan Hastian langka dipilampah barudak ayeuna?

	<p>(3) Ari cita-cita Hastian kaasup lumrah atawa henteu cek hidep?</p> <p>(4) Cik sebutkeun cita-cita hidep sarta béré alesan kana éta cita-cita!</p> <p>(5) Naon untungna resep ngurek jeung nguseup, padahal belut jeung lauk aya di pasar!</p> <p>Jawaban-jawaban nu mangrupa pamanggih murid tangtu bakal béda-béda, ku sabab kitu guru teu kudu meunteun mutlak bener salahna, tapi dumasar kana logis jeung henteuna.</p>
4.	<p>Dina Pancén 3, murid dipapancénan ngarang pangalaman pribadi kawas karangan beunang Hastian. Tugasna kieu:</p> <p><i>Jieun karangan pangalaman pribadi nu eusina ngawengku pangaresep jeung cita-cita hidep sorangan. Karangan ditulis dina buku tulis catetan basa Sunda paling saeutik satengah kaca!</i></p> <p>Karangan murid dipariksa tur dibéré peunteun ku guru. Salian ti kitu, guru ogé bisa nugaskeun murid saurang-saurang ka hareup pikeun nepikeun pangalamanana sacara lisan, bagilir sarta dikoméntaran ku guru utamana soal makéna basa Sunda.</p>

B. Pangalaman nu Ditulis dina Catetan Poéan

No	KAGIATAN
1.	<p>Dina subtéma B, Pangalaman nu Ditulis dina Catetan Poéan, murid diwanohkeun heula kana karangan nu asalna tina catetan poéan. Eta karangan sina dibaca babarengan dina jero hate, cukup sabalikan gé. Sanggeus katéwak substansina, murid bakal ngarasa yakin bisa ngarang saperti kitu. Modél dina urusan ngaran munggaran asup sakola, apan éta téh pangalaman anu méh kasorang ku saréréa dina mangsana wawanohan, teu burung so kaya nu ahéng Ieu geura contona:</p> <p><i>Senén, 24 Juli 2013</i></p> <p><i>Poé munggaran asup sakola, nu ngabasakeun ka abdi téh rupa-rupa pisan. Aya nu nyebut Nitis, Surti, malah aya nu nyebut Ingkang ogé. Tàh, lebah nu pandeuri disebut mah abdi téh asa teu narima, da puguh ngaran Ingkang mah bau-bau ngaran lalaki. Komo éta mah Bu Rohayatin, ari pok téh, “Héy, Rumingkang di bumi alam ...,” cenah. Banyol maksudna mah, teu ieu asup haté, da kapan sidik ngaran abdi téh NITIS SURTI RUMINGKANG.</i></p>

	<p>Tah, tina wawanohan gé apan jadi narik, padahal sakadar urusan ngaran. Tangtu loba kajadian-kajadian séjénna anu bisa dijieun karangan. Saterusna pikeun ngawangun konteks, guru mere rupa-rupa pancén, boh nu sipatna individual boh panén kelompok.</p>
2.	<p>Pancén ka-1 (individu), guru nugaskeun murid pikeun ngajelaskeun makna nu aya dina ngaranna séwang-séwangan. Conto tugasna saperti kieu:</p> <p><i>Sakabéh ngaran tangtu ngabogaan makna, kaasup ngaran hidep aya maknana. Ayeuna héng tuliskeun makna nu dikandung dina ngaran hidep!</i></p> <p>Pancén ka-2 (individu), guru nugaskeun ka sakumna murid pikeun ngarang tina pangalaman nu kasorang poé kamari, ti mimiti indit sakola tepi ka balik deui ka imahna. Conto tugasna kieu:</p> <p>(1) Poé kamari hidep ka sakola, indit isuk-isuk, sadatangna ka sakola terus diajar, terus balik ka imah pabeubeurang. Tah, tina poé éta aya pangalaman nu kasorang ,héng tuliskeun jadi hiji karangan! Masih pancén ka-2, guru nugaskeun deui karangan pangalaman nu leuwih jembar. Tugasna saperti ieu di handap!</p> <p>(2) Cik tuliskeun rupa-rupa pangalaman hidep waktu keur sakola di SD, utamana anu aya patalina jeung kagiatan diajar, boh nu pikaresepeun boh nu henteu pikaresepeun kaasup bisa jadi aya pangalaman nu pikasediheun. Ditulis masing marélé da tangtu masih inget.</p> <p>Sakabéh tugas-tugas murid dikoréksi ku guru, utamana nyoko dina pamakéan kecap, kalimah, jeung alinéa. Ieu téh pikeun ngagantaran kamapuh murid ngarang dina wangun-wangun karangan lian.</p>
3.	<p>Pancén ka-3 (kelompok), guru némbongkeun hiji gambar, murid sina nyaritakeun éta gambar dumasar kana pangalamanana. Nyaritakeun gambar mangrupa pancén kelompok, ari kelompokna cuku tilu urang. Ieu gambarna.</p> <p>Gbr. Upacara bendera hari senin di sekolah</p>

4.	<p>Pancén 4 (kelompok), dina kagiatan sapopoéna murid tangtu henteu nyorangan, tapi tingalabring jeung baturna, boh di sakola, di lemburna, boh di tempat ulinna. Tina éta kagiatan téh tangtu loba manggihan rupa-rupa kajadian, boh nu katenjona boh nu kaalaman langsung ku maranéhanana. Guru mere tugas kelompok, soalna saperti kieu:</p> <p><i>Pék jieun karangan tina pangalaman nu karandapan sapopoé hidep jeunng babaturan!</i></p> <p>Dipiharep karangan hasil kelompok bakal leuwih alus ti karangan tugas individu. Tugas kelompok ogé dipeunteun ku guru.</p>
----	--

C. Nulis Carita Pangalaman

No	KAGIATAN
1.	<p>Dina subtéma C Nulis Carita Pangalaman, murid diwanohkeun heula kana karangan nu mangrupa carita pangalaman. Di antarana saperti nu kaunggel dina buku pakét:</p> <p><i>“Pa, naon béntenna piknik sareng karyawisata?” ceuk Janglar ka Pa Maman.</i></p> <p><i>“Béda...aya bédana. Piknik mah tujuanana sakadar pikeun sukan-sukan, botram, atawa ngadon hiburan wungkul. Ari karyawisata mah tujuanana pikeun nambahan pangaweruh, tangtu baé bari sakalian sukan-sukan atawa hiburan, “ waler Pa Maman.</i></p> <p><i>Pa Maman téh guru kuring jaman di SD. Anjeunna kapapancénan ngaping parasiswa karyawisata ka Pangandaran.</i></p> <p><i>“Naha geuning ka Pangandaran, Pa?” Tisna tumanya bangun nu héran.</i></p> <p><i>“Ari kitu?”</i></p> <p><i>“Sumuhun, naha henteu langkung cocog upami ka Peneropongan Bosscha...museum...” ceuk Tisna.</i></p> <p><i>“Ih, ngahaja milih ka Pangandaran téh. Kahiji, jarakna deukeut. Lamun di jalanna lancar, ti Tasik ka Pangandaran mah dua jam satengah ogé tepi. Jadi di ditu urang leuwih loba waktu...pangpangna mah moal capé teuing di jalan deuih. Atuh kaduana, obyék wisata Pangandaran mah kaitung lengkep sarta loba hubunganana jeung pangajaran. Géografi upamana, engké hidep baris dibéré pancén ku bapa pikeun nalungtik guha alam. Pangajaran basa Sunda, saur Pa Udin maranéh baris dibéré pancén pikeun nalungtik basa dialék Pangandaran.</i></p>

	<p><i>Pon nya kitu deui pelajaran-pelajaran séjénna. Tah, samulangna ti Pangandaran téh maranéh kudu ngalaporkeun hasilna nu mangrupa karya tulis. Laporanana mah perkelompok baé saluyu jeung pancénna,”saur Pa Maman, ngécéskeun.</i></p> <p>Eta karangan téh kakarék tatahar piknik, tapi geus bisa ditulis jadi hiji karangan. Sanggeus éta karangan dibaca ku murid, guru méré rupa-rupa pancén nu ngawengku Pancén 1 jeug Pancén 2 nu mangrupa tugas utama murid ngajanggélékkeun hiji karangan carita pangalaman.</p>
2.	<p>Pancén ka-1, dibéré heula tugas ngajawab pertanyaan kana wacana geusan mibanda pamahaman ka anu dibacana. Pertanyaanana kieu:</p> <p>(1) Naon bédana piknik jeung karyawisata téh?</p> <p>(2) Naon sababna milih obyék wisata Pangandaran?</p> <p>(3) Ari nalungtik guha alam aya hubungan jeung pelajaran naon?</p> <p>(4) Pancén naon anu kudu dijieun ku murid samulangna ti Pangandaran téh?</p> <p>(5) Dina éta wacana kasebut majar barudak sarugemaeun, naon sababna?</p> <p>Pikeun ngawangun kontes, guru ogé bisa ngeuyeuban pertanyaan saperti kieu:</p> <p><i>Pék caritakeun deui éta karangan pangalaman téh make basa hidep sorangan!</i></p>
3.	<p>Pancén ka-2, murid ngarang carita pangalamanana sorangan ngeunaan hiji obyék nu kungsi kasabaan ku dirina. Tugasna kieu:</p> <p><i>Hég tuliskeun pangalaman hidep ngadongdon hiji obyék wisata, tuliskeun aya naon waé, naon nu dipikaaresepna, naon mangpaatna, jeung naon alesanana pangna ngajugjug ka éta obyék wisata.</i></p> <p>Karangan dikoréksi jeung dipeunteun ku guru. Karangan murid nu dianggap pangalusna sina dibaca di hareup sangkan jadi pangjurung ku murid-murid lianna.</p>

D. Ngabandingkeun Pangalaman Pribadi jeung Catetan Poéan

No	KAGIATAN
1.	<p>Dina bagian D Ngabandingkeun Pangalaman Pribadi jeung Catetan Poéan, guru nerangkeun ieu pedaran tepi ka ngahudang rasa pangjurung murid pikeun ngabiasakeun nyatet rupa-rupa kajadian sapopoé nu dianggap ngirut haté atawa pikiranana. Murid bisa ngabedakeun mana catetan poéan, mana pangalaman pribadi, tur leuwih jembarna deui paham kana tulisan nu disebut biografi.</p>

2.	<p>Guru nerangkeun ku cara ngabandingkeun éta tilu karangan maké diagram saperti ieu di handap!</p> <p>Catetan Poéan> Pangalaman> Biografi</p> <p>Guru nugaskeun murid pikeun nulis catetan poéan, terus éta catetan poéan téh dijieun carita pangalaman, saterusna dijieun biografi singget.</p>
3.	<p>Pikeun maham kana éta babandingan, dibéré kagiatan ngajawab pertanyaan tina bahan ieu di handap!</p> <p>Sabenerna antara catetan sapopoé jeung carita pangalaman téh dina hakékatna mah méh taya bédana, da kapan duanana ogé mangrupa catetan kajadian anu karandapan ku urang sorangan. Ngan pédah, minangka bédana téh, catetan sapopoé mah dumasar kana pangalaman anu saméméhna henteu direncanakeun sarta nu ditulisna hal-hal anu dianggap pentingna wungkul. Jadi, tangtuna ogé, catetan sapopoé mah leuwih singget. Pon kitu deui, sok sanajan disebutna catetan sapopoé, lain hartina kudu unggal poé sakur kajadian dicatet. Anu dicatet téh hal-hal anu ngirut sarta dianggap penting baé.</p> <p>Tah, carita pangalaman mah ditulisna leuwih lengkep ti batan catetan sapopoé. Biasana sok geus dirancang ti anggalna. Héng titénan deui nu ditulis ku Nitis Surti Rumingkang, karasa ngaguluyur, henteu ngan dijojoan nu dianggap penting wungkul. Eusina nyaritakeun pangalaman pribadi nu nulisna waktu mimiti asup ka SMP ti mimiti soal baju seragam, boga babaturan anyar tepi ka soal silihlandi di kelas.</p> <p>Tina éta pedaran atuh bisa dicindekeun yén catetan poéan (diary) téh bisa dijieun bahan pikeun karangan pangalaman pribadi. Karangan pangalaman mah tangtu diropéa tur dipapantes sangkan leuwih narik, lain ngan sakadar bagalna wungkul. Tina pangalaman pribadi, bisa dimekarkeun deui jadi riwayat hirup (biografi). Tah, biografi mah leuwih lengkep deui, diwincik ti mimiti lahir tepi ka ayeuna.</p> <p>Conto pertanyaanana saperti kieu:</p> <ol style="list-style-type: none"> (1) Terangkeun bédana catetan poéan jeung carita pangalaman! (2) Terangkeun ogé bédana carita pangalaman jeung biografi! (3) Naon baé anu kudu dicatet dina catetan poéan? (4) Ari nulis carita pangalaman tina catetan poéan kudu dikumahakeun?

4.	<p>Guru méré tugas kelompok anggotana opat urang siswa pikeun nyusun ringkesan buku biografi. Tugasna kieu:</p> <p>Baca buku biografi saurang tokoh saperti seniman, olahragawan, ilmuwan, atawa pejuang. Jieun ringkesanana!</p> <p>Guru mariksa hasil pagawean kelompok ku cara nilik substansi biografi tokoh nu ditulis ku siswa.</p>
----	---

E. Padika Nyusun Pangalaman

No	KAGIATAN
1.	<p>Dina bagian F Padika Nyusun Paangalaman, guru ngawanohkeun langkah-langkah ngarang carita pangalaman anu praktis tur gampang kahartina ku murid. Contona saperti kieu:</p> <p>Conto rangkay karangan tina pangalaman kémping.</p> <p>(1) Pangalaman méméh indit. (Caritakeun persiapanana, kajadian-kajadian anu kaalaman saméméh indit.)</p> <p>(2) Pangalaman di perjalanan. (Caritakeun sakur nu karandapan di perjalanan.)</p> <p>(3) Pangalaman prakna kémping di tempat anu dituju. (Caritakeun kagiatan-kagiatanana, hal nu pikaresepeun, pikalucueun, pikasediheun, pikareuwaseun, jst.)</p> <p>(4) Pangalaman waktu mulang. (Ieu ogé caritakeun sakur nu karandapan ku hidep.)</p> <p>Ku cara dijieun heula rangkayna, dina prakna nulis téh moal rundag-randeg teuing sarta hasilna bakal marélé. Rangkay karangan téh pohara ngabantuna, komo keur nu diajar ngarang mah.</p>
2.	<p>Tina langkah-langkah ngarang No.1 guru ngamimitian ngalarapkeun éta léngkah ngarang ku cara dipétél hiji-hiji. Ari obyék karanganana, guru ngasongkeun sababarha pilihan, obyék-obyék sakirana kungsi kasaba ku murid, contona waé: (1) Pangalaman Karyawisata ka Palabuanratu, (2) Pangalaman Karyawisata ka Tangkubanparahu, jeung (3) Pangalaman Karyawisata ka Pangandaran. Upamana waé murid milih no (2)</p>

	<p>Pangalaman Karyawisata ka Tangkubanparahu</p> <p><i>Pancén 1</i> Pangalaman méméh indit</p> <p>.....</p> <p>.....</p> <p>.....</p> <p>(tuliskeun sakur nu kaalaman, kasup suasana haté/pikiran waktu harita)</p> <p><i>Pancén 2</i> Pangalaman di perjalanan</p> <p>.....</p> <p>.....</p> <p>.....</p> <p>.....</p> <p>(tuliskeun sakur nu karandapan jeung gambarkeun suasana di perjalanan)</p> <p><i>Pancén 3</i> Pangalaman di obyék wisata Tangkubanparahu</p> <p>.....</p> <p>.....</p> <p>.....</p> <p>.....</p> <p>(tuliskeun rupa-rupa nu kasorang di éta obyék wisata)</p> <p><i>Pancén 4</i> Pangalaman waktu mulang</p> <p>.....</p> <p>.....</p> <p>.....</p> <p>.....</p> <p>(tuliskeun pangalaman jeung suasana nu karandapan waktu mulang)</p>
3.	<p>Karangan-karangan murid dina No. 2 dipeunteun unggal bagian sarta dikoméntaran ku guru. Saterusna éta karangan anu misah-misah téh dititah dihijikeun (disambungkeun) jadi karangan anu gembleng.</p>

F. Ngalarapkeun Kecap

No	KAGIATAN
1.	Dina bagian F Ngalarapkeun Kecap, murid sina maca wacana bari niténan kecap-kecap nu teu dipikahartina. Guru nerangkeun harti kecap beunang niténan murid, guru ogé ngécéskeun kecap-kecap nu hartina ngalegaan jeung ngaheureutan.
2.	Guru ngébréhkeun kecap-kecap nu hartina ngalegaan, jeung kecap-kecap nu hartina ngahreutan, ieu contona: - Kecap nu ngalegaan: <i>aa, emang, bibi, akang</i> , jeung <i>dunya</i> . - Kecap nu ngaheureutan: <i>sarjana, motor, kitab, gorombolan</i> , jeung <i>oknum</i> . Eta kecap-kecap dijelaskeun ku guru pangna ngalegaan jeung ngaheureutan.
3.	Dina bagian ieu, murid sina ngalengkepan kalimah ku cara milih kecap-kecap nu aya dina bagian 2 di luhur. (1) Aya bibi nu ngasuh pun adi mah. (2) Ari emang balanja ti pasar mana? (3) Diheupheup téh si aa mah kalah maju. (4) Dupi akang linggih di mana? (5) Batur mah nyiar dunya téh bélaan teu saré. (6) Calon anggota DPR téh nyumbang kitab ka pasantrén. (7) Jalan téh macét ku motor , mani rabeng jiga siraru. (8) Sanggeus jadi sarjana manéhna jarang balik ka lembur. (9) Aya oknum nu teu tanggungjawab di kantor téh. (10) Pun bapa mah lahir jaman keur genting gorombolan .

G. Ngalarapkeun Babasan

No	KAGIATAN
1.	Saméméh nincak kana ngalarapkeun babasan dina omongan atawa kalimah, guru ngécéskeun heula perkara babasan saperti nu kaunggel dina buku murid. Saterusna guru ngajukeun pertanyaan lisan, pertanyaanana saperti kieu: - <i>Cik saha nu apal, salian ti babasan nu aya dina buku, babasan naon deui?</i> - <i>Naon harti babasan gedé hulu, panjang leungeun, jeung tiis leungeun?</i>

2.	<p>Guru ngajelaskeun yén babasan téh lain ngan sakadar apalkeuneun, tapi kudu dilarapkeun dina omongan atawa kalimah. Guru méré tugas ka murid pikeun ngeusian kalimah ku cara milih babasan anu cocog dina buku murid.</p> <ol style="list-style-type: none"> (1) Lantaran telat, atuh ngégél curuk datang ka ditu téh. (2) Budak téh ipis biwir diheureuyan sakitu waé ceurik. (3) Abong boga motor anyar, manigedé huluteu nanya. (4) Ngadéngé béja babaturnana maot, méh sakelas hujan cipanon. (5) Nu rumasa amis daging mah sing ati-ati ulah tepi ka kakeureut. (6) Sing tarapti barang teundeun téh bisi aya jelema panjang leungeun. (7) Angger sok kabitaan ku dahareun nu aya di batur, dasar laér gado. (8) Bubuhan tiis leungeun, melak naon-melak naon téh teu weléh jadi waé. (9) Dasar jelema kandel kulit beungeut, sakitu geus meunang bagian, masih ménta kénéh. (10) Tabungkeun atuh ari boga duit téh ari rumasa lésang kuras mah. 																				
3.	<p>Dina kagiatan ka-3, murid sina ngahartikeun babasan ku cara néangan sumber tina buku séjén, boh tina kamus boh tina buku kumpulan babasan atawa nanyakeun ka jalma nu dianggap bisa di padumukanana séwang-séwangan.</p> <table border="0"> <tr> <td>(1) buntut kasiran</td><td>= korét</td></tr> <tr> <td>(2) élmu sapi</td><td>= samiuk kana kagoréngan</td></tr> <tr> <td>(3) hampang birit</td><td>= daékan</td></tr> <tr> <td>(4) heuras létah</td><td>= omonganana sugal</td></tr> <tr> <td>(5) indit sirib</td><td>= indit saréréa</td></tr> <tr> <td>(6) katuliskeun jurig</td><td>= asalna tina heureuy jadi enyaan</td></tr> <tr> <td>(7) pucuk awian</td><td>= teu panceg pikiran</td></tr> <tr> <td>(8) jelema pasagi</td><td>= loba kaboga jeung kabisana</td></tr> <tr> <td>(9) gurat cai</td><td>= cidra kana jangji</td></tr> <tr> <td>(10) élmu tumbila</td><td>= pribumi ngarugikeun sémah</td></tr> </table>	(1) buntut kasiran	= korét	(2) élmu sapi	= samiuk kana kagoréngan	(3) hampang birit	= daékan	(4) heuras létah	= omonganana sugal	(5) indit sirib	= indit saréréa	(6) katuliskeun jurig	= asalna tina heureuy jadi enyaan	(7) pucuk awian	= teu panceg pikiran	(8) jelema pasagi	= loba kaboga jeung kabisana	(9) gurat cai	= cidra kana jangji	(10) élmu tumbila	= pribumi ngarugikeun sémah
(1) buntut kasiran	= korét																				
(2) élmu sapi	= samiuk kana kagoréngan																				
(3) hampang birit	= daékan																				
(4) heuras létah	= omonganana sugal																				
(5) indit sirib	= indit saréréa																				
(6) katuliskeun jurig	= asalna tina heureuy jadi enyaan																				
(7) pucuk awian	= teu panceg pikiran																				
(8) jelema pasagi	= loba kaboga jeung kabisana																				
(9) gurat cai	= cidra kana jangji																				
(10) élmu tumbila	= pribumi ngarugikeun sémah																				

H. Ngalarapkeun Kapamalian

No	KAGIATAN
1.	Dina bagian H Ngalarapkeun Kapamalian, guru nerangkeun heula perkara kapamalian, murid diajak nyurahan makna dina éta kapamalian. Aya kapamalian nu kaharti ku akal, aya ogé nu teu karampa ku akal.
2.	Murid dibéré tugas nuliskeun kapamalian nu kapanggih di sabudeureun padumukanana. Conto tugasna kieu: <ul style="list-style-type: none">- Tuliskeun kapamalian nu kapanggih di sabudeureun padumukan hidep!- Kapamalian beunang murid saterusna dibahas babarengan di kelas.

WAWARAN JEUNG IKLAN LAYANAN MASRAKAT

A. Maca Wawaran

Kegiatan Awal

Guru asup ka kelas ngucapkeun salam, murid ngajawab salam guru babarengan. Upama jam kahiji, saméméh KM nyiapkeun kelas, guru nugaskeun heula mingpin du'a, réngsé ngadu'a babarengan kakara KM nyiapkeun kelas. Guru ngondisikeun kelas sangkan teu garandeng, merenahkeun murid sangkan diuk dina korsi kalawan tartib. Sanggeus kelas tartib tur rapih, guru ngabsén murid, nu katohyan teu sakola, guru mapaykeun ka murid nu deukeut imahna pikeun ngayakinkeun naha bener gering, ijin, atawa alpana.

No	KAGIATAN
1.	Saméméh kagiatan prosés diajar ngajar, guru ngawanohkeun heula matéri nu aya dina Pangajaran 3, ngawengku maca wawaran, maca iklan tinulis, ngaregepkeun iklan dina radio, ngabandingan iklan dina tv, medar perkara wawaran jeung iklan, jeung kajembaran basa.
2.	Murid sina niténan sakumna wawaran nu ditémpél di sabudeureun sakolana. Guru nerangkeun pilihan kecap jeung éjahan tina sakumna wawaran nu diténahan ku murid. Upamana waé: - Miceun runtah didieu!>>>kuduna>>>Miceun runtah di dieu! - Pinter, bageur, singer!>>> kuduna >>>Pinter, bageur, jeung singer! - Ekskul silat kumpul poé saptu!>> kuduna >>Ekskul silat kumpul poé Saptu!
3.	Guru nugaskeun murid pikeun nyatet wawaran nu aya di lingkungan tempat padumukanana. Saterusna guru nitah ngoréksi éta wawaran saluyu jeung papagon milih kecap jeung éjahan nu geus diterangkeun saméméhna.
4.	Dina kagiatan 4 guru méré pancén ka murid pikeun nyieun rupa-rupa wawaran anu témana sabudeureun kabersihan, disiplin, jeung perpustakaan.

B. Maca Iklan Tinulis

No	KAGIATAN
1.	<p>Kagiatan B Maca Iklan Tinulis, guru némbongkeun rupa-rupa iklan dina basa Sunda saperti ieu di handap!</p> <p style="text-align: center;">MAYAR PAJAK ULAH TELAT!</p> <p style="text-align: center;">HAYU URANG NGARIKSA SUSUKAN, WALUNGAN,</p> <p style="text-align: center;">JEUNG TATANGKALAN!</p> <p style="text-align: center;">NAGARA BUTUH PAMUDA PINTER, PARIGEL, JEUNG JUJUR!</p>
2.	<p>Sanggeus murid sina maca éta iklan, guru méré kasempetan pikeun ngajukeun pertanyaan perkara nu aya patalina jeung éta iklan. Guru ogé méré kasempetan ka murid séjén pikeun ngajawab pertanyaan babaturanana. Saterusna pertanyaan jeung jawaban-jawaban murid dijéntrékeun ku guru.</p>
3.	<p>Dina kagiatan 3, guru ngajukeun pertanyaan lisan ka murid pikeun nguji paham jeung henteuna perkara iklan tinulis. Anapon pertanyaanana saperti kieu:</p> <p style="padding-left: 40px;"><i>“Jadi, naon atuh nu kudu diperhatikeun dina iklan tinulis sangkan kahontal maksud tur keuna kana sasaran?” cek guru.</i></p>
4.	<p>Dina kagiatan 4, guru nitah ngarang iklan tinulis ka murid kalawan ditangtukeun leuwih ti heula témana: (1) Miara lingkungan alam, (2) Mgajak getol maca jeung rajin sakola, (3) Disiplin jeung nanjeurkeun aturan, (4) Sumanget gotong royong, jeung (5) Bahaya narkoba.</p> <p style="padding-left: 40px;"><i>Karangan murid dipariksa ku guru kalayan neueul kana pilihan kecap, tanda baca, éjahan, jeung susunan kalimahna.</i></p>
5.	<p>Dina kagiatan 5, guru méré kasempetan ka murid pikeun nyaritakeun atawa ngajelaskeun karangan-karangan iklan tinulis beunangna séwang-séwangan. Dina ha lieu murid diajar nepikeun argument kana karangan beunangna sorangan.</p>
6.	<p>Kagiatan ka-6, murid sina maluruh iklan tinulis nu aya di masarakat, terus diaprésiasi tawa dikritisi. Murid ogé disina ngajukeun koméntar kana iklan beunang maluruhna.</p>

C. Ngaregepkeun Iklan dina Radio

No	KAGIATAN																
1.	Dina subtéma Ngaregepkeun Iklan dina Radio, murid dibéré pancén pikeun ngarékam iklan nu kungsi karegepkeun dina radio atawa ngaragakeun iklan nu kungsi karegepkeun ku dirina. Upamana waé iklan obat-obatan, produk barang jeung jasa, jeung iklan layanan masarakat widang pangwangunan.																
2.	<p>Kegiatan 2, guru mengajak ngadiskusikeun salasihiji rékaman iklan beunang babaturanana. neueul kana pesan iklan, jeung suasana nu kagambar ngaliwatan papas sora séjén. Unggal murid nyusun hasil diskusi kelas ka guru.</p> <p>Tabélna saperti kieu:</p> <table><tr><th>No.</th><th>Alus</th><th>Cukup</th><th>Kurang</th></tr><tr><td>Lentong</td><td></td><td></td><td></td></tr><tr><td>Kalimah pesan</td><td></td><td></td><td></td></tr><tr><td>Suasana</td><td></td><td></td><td></td></tr></table> <p>Ngeusi tabél ku cara dikontréng, saterusna murid ngajelaskeun alesan-alesanana pangna nyontréng alus, cukup, atawa kurang. Alesan murid, upamana waé nyontréng lentong alus: lentongna tarik jeung jelas, pikaseurieun, matak resep ngareungeuna,jst.</p>	No.	Alus	Cukup	Kurang	Lentong				Kalimah pesan				Suasana			
No.	Alus	Cukup	Kurang														
Lentong																	
Kalimah pesan																	
Suasana																	
3.	Kegiatan 3, diskusi kelompok nu anggotana antara 3-5 urang murid pikeun nyusun naskah iklan radio. Guru ngaping diskusi kelompok sarta hasil diskusi diragakeun di hareup. Murid-murid nu nunggu giliran ka hareup ngaregepkeun kelompok nu keur ngaragakeun.																

D. Ngabandungan Iklan dina TV

No	KAGIATAN
1.	Dina bagian D Ngabandungan Iklan dina TV, guru saméméhna ngécéskeun prinsip nu ngabédakeun media radio jeung televisi. Radio disebut média audio, diregepkeun ngaliwatan pangreungeu, ari televisi disebut média audio-visual, dibandungan ngaliwatan panempo jeung pangreungeu.

2.	Dina kagiatan 2, guru nugaskeun murid pikeun ngabandungan tayangan iklan layanan masarakat dina tv lokal terus sina didiskusikeun di kelas. Kriteriaana sarua jeung iklan dina radio ngan aya tambahna nyaéta pasémon palaku dina éta iklan.
3.	Guru méré tugas kelompok pikeun milih jeung ngadiskusikeun salahsahiji iklan layanan masarakat dina televisi.
4.	Guru ngajak murid diajar ngarang skénario iklan layanan masarakat dina tv. Karangan murid dipariksa tina dialog atawa gunemanana.

E. Medar Iklan-iklan di Luhur

No	KAGIATAN
1.	Dina bagian E Medar Iklan-iklan di Luhur, guru nerangkeun leuwih neueul kana pamahaman, kaasup wangenan jeung sawatara hal anu ngabédakeunana.
2.	<p>Dina kagiatan 2 guru nitah ngajawab soal-soal anu aya patalina jeung iklan tinulis, iklan radio, iklan tv, jeung wawaran. Pertanyaanana ieu di handap!</p> <p>(1) Naon nu jadi andelan iklan tinulis téh? (andelan utamana basa, kecap, jeung ungkara)</p> <p>(2) Basa iklan tinulis téh kudu kumaha? (kudu singkat, padet, jeung narik nu maca)</p> <p>(3) Kudu di mana iklan tinulis téh dipasangna? (di tempat nu strategis, gampang kabaca ti unggal penjuru/arrah)</p> <p>(4) Ari iklan dina radio nu utamana naon? (tokoh nu ngeusi sora jeung latar sora-sora séjén)</p> <p>(5) Jéntrékeun pasaratan dina iklan tv! (figur tokoh palaku dina iklan, téma sarta alur carita, pasaratan visualisasi, lokasi shooting, jeung latar sora boh musik boh alat lian anu pas.)</p> <p>(6) Naon ciri iklan tv nu kaasup alus? (leuwih gedé pangaruhna tinimbang dua iklan tulisan jeung radio, bisa nodél fantasi jeung imajinasi nu lalajo)</p> <p>(7) Naha jam tayang bakal mangaruhan kana iklan radio atawa tv? Jéntrénkeun! (gedé pangaruhna sabab iklan milu kaperhatikeun ku jumlah pamiarsa jeung acara inti radio/tv).</p>

	<p>(8) Nurutkeun pamanggih hidep, naon bédana iklan layanan masarakat jeung iklan komérsial? (iklan layanan masarakat mah keur ngawanohkeun program pamaréntah atawa keur proses panyadaran masarakat, ari iklan komérsial mah keur mayukeun produk, boh jasa boh barang).</p> <p>(9) . Cik jelaskeun, naon sababna pamaréntah ngarasa perlu ngiklankeun program-garapanana? (di antarana sangkan meunang pangrojong ti masarakat)</p> <p>(10) Cik terangkeun eusi wawaran! (ukur mangrupa paréntah, umajak, jeung panyarékan sarta ditulis tur ditémpél di lokasi nu aya patalina jeung éta eusi wawaran).</p>
3.	<p>Dina kagiatan 3, murid sina ngabandungan iklan layanan masarakat nu sok ditayangkeun dina tv sarta sina dikoméntaran alus atawa goréngna bari dibéré alesan-alesanana. Tugasna kieu:</p> <p>Bandungan iklan layanan masarakat dina tv, terus koméntaran ku hidep hadéatawa goréngna kalawan dibarengan ku alesan-alesan saluyu jeung nu aya dina pamikiran hidep sorangan.</p>

F. Kajembaran Basa

No	KAGIATAN
1.	<p>Dina submatéri F Kajembaran Basa, murid dibéré pengayaan matéri saperti nu kaunggel dina buku murid., ari pengayaan dina Pangajran 3 nyaéta larapna ngaran anak sasatoan dina kalimah. Conto matéri saperti ieu di handap!</p> <p>Dina wacana iklan dina radio aya ungkara nu unina kieu: <i>Lah, jalan téh mani raruksak, lombang jarero matak pikabetaheun buruy</i>. Naon ari buruy? Buruy téh sesebutan pikeun anak bangkong. Dina basa Sunda mah anak sasatoan gé aya ngaranna kaasup kamekaran jeung babagian nu aya dina awakna.</p>
2.	<p>Dina kagiatan 2, murid dibéré pancén pikeun ngalengkepan kalimah ku cara milih jawaban nu disadiakeun di beulah katuhu. Kieu pancénna!</p> <p>(1) Anak japati disebut piyik.</p> <p>(2) Hayam jajangkar kénéh mah siihna gé can seukeut.</p> <p>(3) Ku serit geura ngarah kuarna beunang.</p>

- (4) Can manjing dipaké magawé ari **énéng** kénéh mah.
- (5) Ari bogona ka marana, nu beunang téh ngan **cingok**.
- (6) Aya paribasa **bilatung** ninggang dagé.
- (7) Kadé cai ngeuyeumbeu bisi aya **utek-utek** keur usum hujan kieu mah.
- (8) Mun rék ngukut anjing kudu keur **kirik** kénéh ngarah nurut
- (9) Ih budak-budak kokolot **begog**, ka ditu tong pimilueun ngomong.
- (10) Tong waka diuseupan **burayak** kénéh laukna gé.

énéng	utek-
utek	
piyik	burayak
cingok	kirik
begog	bilatung
kuar	siih

KAULINAN BARUDAK

A. Maca Jero Haté

Medar langlayangan, péclé, jeung ngadu kaléci

Kegiatan Awal

Guru asup ka kelas ngucapkeun salam, murid ngajawab salam guru babarengan. Upama jam kahiji, saméméh KM nyiapkeun kelas, guru nugaskeun heula mingpin du’a, réngsé ngadu’a babarengan kakara KM nyiapkeun kelas. Guru ngondisikeun kelas sangkan teu garandeng, merenahkeun murid sangkan diuk dina korsi kalawan tartib. Sanggeus kelas tartib tur rapih, guru ngabsén murid, nu katohyan teu sakola, guru mapaykeun ka murid nu deukeut imahna pikeun ngayakinkeun naha bener gering, ijin, atawa alpana.

No	KAGIATAN
1.	Saméméh ngamimitian prosés diajar ngajar, guru ngawanohkeun heula matéri nu baris diajarkeunana, dijéntrékeun téma katut tujuan nu kudu kahontal ku murid dina Pangajaran 4. Saterusna guru ogé ngawanohkeun subtéma-subtéma lianna anu raket tur ngait kana téma utama kaulinan barudak, ngawengku maca jero haté wacana “Medar Langlayangan, Péclé, jeung Ngadu Kaléci”,Maca Skénario Kakawihan dina Kaulinan,Medar Oray-orayan, Nembangkeun Kakawihan, jeungNgawanohkeun Kekecapan.Tina ieu kagiatan dipiharep murid mikawanoh, mikaresep, jeung bisa molahkeunkaulinan.
2.	Guru méré pancén maca dina jero hatébacaan “Medar Langlayangan, Péclé, jeung Ngadu Kaléci”.Sabada bérés macana, guru nugaskeun murid nyaritakeun eusi bacaan nu dibacana, ka hareup bagilir saurang-saurang. Ieu kagiatan pikeun nguji kamampuh murid néwak eusi bacaan jeung pikeun nguji pamahaman murid kana wacana kaulinan. Pancén lisanna saperti kieu: <i>Pék caritakeun deui eusi wacana nu bieu dibaca maké basa hidep sorangan!</i> Guru ngoréksi basa Sunda nu dikedalkeun murid, utamana kekecapan nu sok paselup jeung basa Indonésia.

	<p>(9) Istilah minangkar jeung minangkub osok dipaké ogé dina kaulinan...</p> <p>a. béklen c. congklak</p> <p>b. sorodot gamplok d. halma</p> <p>(10) Salasahiji kaulinan barudak awéwé nyaéta...</p> <p>a. anyang-anyangan c. gatrik</p> <p>b. ngadu kaléci d. medar</p>
--	---

B. Maca Skénario Kakawihan dina Kaulinan

No	KAGIATAN
1.	<p>Dina subtéma Maca Skénario Kakawihan dina Kaulinan, guru saméméhna nerangkeun ciri-ciri fisik naskah skénario nyaéta aya gambaran suasana nu biasa ditulis dina jero kurung jeung aya paguneman palaku dina éta naskah. Ieu contona:</p> <p>Budak lalaki 1 : Sok diatur nu pangjangkungna cicing jadi huluna di hareup, terus ngaruntuy kanu pendék. pangtungtungna nu rumasa awakna pangpendékna jadi buntutna. <i>(Babaturanana dikenyanan diatur luyu jeung kaayaan jangkung-pendékna)</i></p> <p>Budak awéwé 1: Ari awéwé nyicingan posisi hulu, tengah, atawa buntut?</p> <p>Budak lalaki 2 : Ah nya bébas, apan katangtuanana tadi tinu jangkung ngaruntuy kanu pendék supaya katénjo jiga luar-léor oray. <i>(Nyontokeun ku ramona digulak-gilek).</i></p>
2.	<p>Kegiatan 2 guru nitah maca naskah dina jero haté malar murid meunang pamahaman ngeunaan modél naskah skénario. Murid dibéré kasempetan pikeun tumanya, guru ngajawab pananya murid.</p>
3.	<p>Guru nyontoan ngawihkeun oray-orayan, murid ngawihkeun babarengan diluluguan ku guru. Beunang 2-3 balikan murid ngawihkeunana. Murid nu kurang daria ngawihna disina ngawih sorangan, ari babaturanana sina ngaregepkeun.</p>
4.	<p>Guru nugaskeun murid nyieun kelompok nu anggotana 7-10 urang pikeun ngaragakeun kaulinan oray-orayan. Murid mimiti ngaragakeun di hareup, ari murid séjén nunggu giliran. Unggal kelompok nu geus ngaragakeun dikoméntaran ku guru terus dibéré peunteun kelompok.</p>

C. Medar Oray-orayan

No	KAGIATAN
1.	Murid geus ngaragakeun skénario naskah oray-orayan, dina bagian C Medar Oray-orayan guru nerangkeun perkara ieu kaulinan. Dijéntrékeun yén ieu kaulinan téh kaasup kaulinan tradisional, lokasi tempat arulinna, jeung leuwih popular pikeun barudak di pilemburan.
2.	Guru nerangkeun yén kaulinan oray-orayan téh salian ti dikawihkeun kudu diragakeun ku sabab kitu murid henteu cukup ngan apan ngawihkeunana wungkul. Pikeun maham ngeunaan ieu kaulinan, murid dibéré kasempetan pikeun ngajukeun rupa-rupa panaya ka guru.
3.	Guru ngajelaskeun yén dina prakna ngaragakeun kaulinan oray-orayan henteu jiga latihan drama, tapi cukup baé salasaurang nu milu kana éta kaulinan méré pituduh sacara lisan.

D. Nembangkeun Kakawihan

No	KAGIATAN
1.	Dina bagian D Nembangkeun Kakawihan, guru nyebutan heula rupa-rupa kaulinan anu sok dikawihkeun, murid ngabandungan kalawan saregep. Di antara kaulinan nu dikawihkeun téh nyaéta “Ambil-ambilan”, “Eundeuk-eundeukan”, jeung “Prangpring”, salian ti “Oray-orayan” nu ti heula geus diajarkeun.
2.	Kagiatan kadua guru nyontoan heula ngawihkeun “Ambil-ambilan”, murid nurutan babarengan. Sangeus meunang sababaraha kali dicontoan, giliran murid babarengan ngawihkeun.
3.	Guru nunjuk sababaraha urang murid bagilir ka hareup ngawihkeun, guru ogé menerkeun sora murid anu kareungeu sumbang, Guru ngusahakeun sangkan murid enya-nya resepna kana kakawihan dina kaulinan.

4.	Saterusna guru oge nyontoan ngawihkeun “Eundeuk-eundeukan” jeung “Prangpring” anu saterusna diturutan ku sakumna murid. Ari léngkah-léngkahna sarua jeung ngajarkeun kakawihan “Ambil-ambilan”.
5.	Guru nerangkeun prakprakanana kaulinan “Ambil-ambilan”, “Eundeuk-eundeukan”, jeung “Prangpring”, murid ngabandungan kalawan saregep. Saterusna guru nitah murid mraktékeun éta kaulinan bari dikawihkeun di hareup, bagilir.

E. Ngawanohkeun Kekecapan

No	KAGIATAN
1.	Dina bagian E Ngawanohkeun Kekecapan, guru méré pamahaman ka murid yén basa Sunda téh kaasup banda budaya nu kawilang beunghar. Loba istilah-istilah anu geus aya ngaranna, teu kudu nguyang ti basa séjén. Guru méré conto sawatara istilah wanci (waktu) nu mindeng kapanggih dina lalaguan Sunda, saperti wanci sariak layung.
2.	Saterusna guru ogé nyebutun rupa-rupa ngaran patempatan nu mindeng kaanjangan ku murid tapi teu apal hartina. Kanjangan di dieu bisa dina harti mindeng kapanggih dina bacaan-bacaan saperti dina dongéng, carita pondok, atawa novel. Murid ngaregepkeun kana sakur nu diterangkeun guru.
3.	Guru ngajukeun pertanyaan anu ngahudang kanyaho murid, upamana waé: Cik sebutan ngaran patempatan di sabudeureun pamatuhan hidep! (Alternatif jawaban murid: pasar, mol, parapatan, lapang, terminal, gang, buruan, pangkalan ojég, sampalan , jsb.)
4.	Guru nyebutun istilah-istilah saperti <i>sareupna, sareureuh budak, janari, coréngcang tihang, jeung haneut poyan</i> , murid bisa nyebutkeun waktuna. Upamana waé, sareupna kira-kira jam 6 soré, jst.. Guru nerangkeun makna nu aya dina istilah-istilah wanci nu geus dipikanyo ku murid, upamana waé, sareureuh budak nyaéta mangsana budak mimiti hayang saré, ari murid nyebutkeun kira-kira jam 8 peuting.

DONGÉNG

A. Maca Dongéng Sasatoan

Kagiatan Awal

Guru asup ka kelas bari ngucapkeun salam, murid ngajawab salam guru babarengan. Saméméh ngamimitian kagiatan diajar ngajar, guru ngondisikeun heula kelas supaya kaayaan tartib, tenang, jeung diuk dina korsi sewang-séwangan kalawan rapih. Sanggeus katémbong tartib, rapih, jeung saregep, guru nitah murid mingpin du’a. Saterusna guru ngabsén murid bari sakalian nyiar raratan nu teu hadir ka murid nu ngarasa deukeut imahna. Bérés ngabsén, guru ngamimitian prosés diajar ngajar.

No	KAGIATAN
1.	Guru ngamimitian nyaritakeun dongéng ku cara ngajukeun pertanyaan lisan, upamana wae, hidep apal naon nu disebut dongéng? Murid ngajawab pananya guru, murid lianna milu ngoméntaran atawa ngajukeun pamanggihna ngeunaan dongéng.
2.	Kagiatan kadua, guru nitah murid muka buku pakét basa Sunda, macadina jero haté dongéng “Ajag Nangtang Jelema” meunang sabalikan. Guru niténan ka sakabéh murid bisi aya nu teu daria macana.
3.	Guru ngajukeun pananya, pikeun nguji pamahaman murid. Pertanyaanana saperti kieu: <i>Bagian mana nu jadi unsur pamohalan dina éta dongéng?</i> Jawaban murid bisa kieu: (1) peucang teu langsung ditekuk ku ajag padahal peucang teu walakaya, (2) peucang ngobrol jeung ajag, (3) peucang loba akalna, jeung (4) ajag daék dibobodo ku peucang. Kabéh jawaban murid bener, saterusna guru nerangkeun yén unsur pamohalan dina dongéng téh nyaéta sakur nu teu kaharti ku akal.

4.	Léngkah kaopat guru nunjuk murid ka hareup nitah ngadongéngkeun deui “Ajag Nangtang Jelema” maké basana sorangan. Guru ngaping dongéng murid, utamana dina milih kekecapan atawa kalimah anu kurang merenah. Murid nu kagiliran ka hareup teu kawatesanan jumlahna, diluyukeun jeung waktu.
5.	Dina léngkah kalmia guru méré tugas individu nganalisis sacara instrinsik éta dongéng, nyaéta ngeunaan: (1) palaku; (2) téma; (3) latar; (4) amanat; jeung (5) alur carita.

B. Medar Dongéng

No	KAGIATAN
1.	Guru ngajelaskeun perkara ajén-ajén atikan nu aya dina dongéng, murid ngaregepkeun kalawan daria. Guru ogé ngécéskeun perkara pieunteungeun jeung picontoeun nu kapanggih dina dongéng. Pikeun nguji pamahaman murid, dibéré soal lisan kieu: Naon ari pieunteungeun jeung picontoeun téh? Pék jéntrékeun! Jawaban murid nyaéta pieunteungeun laku lampah anu tong ditiru, ari picontoeun mah laku lampah anu perlu ditiru.
2.	Guru méré kasempetan ka murid pikeun ngajukeun pertanyaan perkara pedaran dongéng. Pertanyaan murid sina dijawab ku batur na di kelas, guru ngoméntaran sakur jawaban murid. Guru ogé pertanyaan murid bari henteu langsung nyalahkeun kana rupa-rupa jawaban murid lianna.
3.	Guru nitah nganalisis dongéng “Ajag Nangtang Jelema”, murid bisa néwak ajén atikan anu nyampak dina éta dongéng. Murid bisa ngajéntrékeun éta ajén atikan saperti kieu, “Dina dongéng Ajag Nangtang Jelema, kapendak ajén atikanana téh nyaéta nu sombong jeung asa aing panggahana ahirna mah jadi cilaka, digambarkeun ku tokoh ajag”.

4.	Guru méré pancén ka murid pikeun néangan dongéng séjén boh tina sumber bacaan (buku kumpulan dongéng) boh beunang tatanya atawa ngarékam langsung tis umber lisan. Dongéng beunang sina dibaca terus diringkes jalan caritana, hasil ringkesan dongéng beunang murid dikumpulkeun sarta dipeunteun ku guru.
5.	Guru méré pancén pikeun ngadongéng di hareup, bagilir, heula pandeurina henteu dumasar absén, tapi dumasar kana kasayagian murid sorangan. Ari dongéngna nyaéta dongéng beunang néangan murid téa.

C. Babagian Dongéng

No	KAGIATAN
1.	Dina subtéma C Babagian Dongéng, guru nitah murid pikeun ngabanding-banding dongéng anu beunang néangan murid. Sanggeus kitu guru ngajelaskeun naon-naon anu ngabédakeunana.
2.	<p>Guru ngajelaskeun perkara babagian dongéng dumasar kana eusi jeung palakuna anu beunang ngumpulkeun murid téa. Murid ngabandingan kalawan saregep dina mangsana guru medar eusi dongéng beunang murid.</p> <p>Guru nyindekkeun babagian dongéng dumasar kana eusi jeung palakuna nu ngawengku, (1) <i>fabél</i>, dongéng nu nyaritakeun kahirupan sastoan, (2) <i>parabél</i>, dongéng nu nyaritakeun kahirupan jalma biasa, (3) <i>légena</i>, dongéng nu nyaritakeun asal-usul kajadian tempat, barang, sasatoan, jeung tutuwuhan, (4) <i>mite</i>, dongéng anu nyaritakeun mahluk ciptaan bangsaning jurig jeung siluman, (5) <i>sagé</i>, dongéng anu nyaritakeun jelema atawa kajadian nu ngandung unsur sajarah, osok ogé disebut <i>dongéng babad</i>.</p>
3.	Sanggeus guru nerangkeun ngeunaan babagian dongéng sarta murid nyatet hal-hal nu dianggap penting tina nu diterangkeun guru, guru mérélolongkrang ka murid pikeun ngajukeun pananya.

D. Maca Dongéng Si Kabayan

No	KAGIATAN
1.	Dina subtéma D Maca Dongéng Si Kabayan, murid disina muka buku pakét babarengan dina pangajaran ka-5. Terus sina maca dongéng “Si Kabayan Marak” nu aya dina éta jeung katéwak pikeun ngabédakeun jeung tokoh dongéng saperti Sangkuriang anu karasana leuwih daria.
2.	<p>Sanggeus murid réngsé macana, guru méré pancén sangkan ngadéskripsikeun karakter tokoh Si Kabayan nurutkeun sawangan/ pamanggih murid. Pancénna saperti kieu:</p> <p><i>Cing ku hidep gambarkeun kumaha watek Si Kabayan dina éta dongéng téh!</i></p> <p>Jawaban siswa bisa rupa-rupa, di antarana: Si Kabayan téh tokoh lucu, bodo, ngedul, kalékéd, jail, loba akalna, tukang heureuy, pinter, licik.jst.). Murid bébas ngaéksprésikeun pamanggihna. Nu jadi patokan guru nyaéta kadariaan murid dina maca, dina harti ku ayana murid méré pamanggih téh hartina maranéhna geus maca kalawan daria.</p>
3.	Kagiatan saterusna, guru méré pancén pikeun nuliskeun ringkesan dongéng Si Kabayan maké basana sorangan. Hasil pagawéan murid dipariksa ku guru.
4.	Guru méré pancén pikeun ngadongéng “Si Kabayan Marak” di hareup, bagilir, heula pandeurina henteu dumasar absén, tapi dumasar kana kasayagian murid sorangan.
5.	Guru méré lolongkrang ka murid pikeun nepikeun rupa-rupa pananya. Pertanyaan murid dijadikeun bahan diskusi di kelas, ti murid dijawab ku murid deui. Guru ngalelempeng maksud pertanyaan murid jeung menerkeun jawaban-jawabanana. Boh pertanyaan boh jawaban murid ngagambarkeun pamahaman kana dongéng nu geus dibaca.

E. Tokoh Dongéng Siga Si Kabayan

No	KAGIATAN
1.	Dina ieu kagiatan, guru medar perkara dongéng-dongéng Si Kabayan dina téma nu rupa-rupa. Maksudna, dongéng Si Kabayan téh kaasup dongéng serial, témana variatif. Guru ogé nyebutun sababaraha judul dongéng Si Kabayan, saperti “Si Kabayan Ngala Tutut”, Si Kabayan Ngala Nangka”, “Si Kabayan Ngadeupaan Lincar”, “Si Kabayan Moro Uncal”, jeung saterusna.
2.	Guru ngajéntrékeun yén tokoh dongéng Si Kabayan téh fiktif, taya dikieuna tapi kawilang dipikaresep ku masarakat. Salasahiji cirina dongéng Si Kabayan tepi ka kiwari masih hirup di masarakat. Dina ieu kasempetan murid dibéré lolongkrang pikeun tumanya Kagiatan saterusna guru ngantebkeun pamanggih murid ngeunaan karakter Si Kabayan nu kagambar dina dongéng “Si Kabayan Marak”. Si Kabayan téh tokoh lucu, mahiwal (teu parok jeung batur), tapi pinter sarta kapinteranana terkadang bisa ngéléhkeun batur. Dina “Si Kabayan Marakat” ébréh saperti dina ieu cutatan: “...néwak nilem keur sémah, meunang tawés gedé keur sémah. Meunang kancra, kasedepna. Ari keur urang nu bobolokotna, ngan ukur beunteur jeung bogo”. Ku cara gegeringan bari nyebutkeun yén lauk téh aya racunan nepi ka lauk beunang marak téh diborolokeun deui ka cai.
3.	Guru ngajelaskeun ogé ajén-ajén atikan anu nyampak dina dongéng saperti ajén kacerdasan, ajén moral, jeung ngandung pieunteungeun. Murid ngabandungan bari nyatet pangjéntré guru.

F. Maca Dongéng Sunan Gunung Jati

No	KAGIATAN
1.	Guru nyabit deui dongéng Si Kabayan saméméh ngamimitian maca dongéng “Sunan Gunung Jati”. Saterusna murid sina muka buku pakét nu aya dongéng “Sunan Gunung Jati”, guru ngécéskeun yén Si Kabayan jeung Sunan Gunung Jati papada tokoh jelema, ngan bédana Si Kabayan mah tokoh fiktif, ari Sunan Gunung Jati tokoh nyata.

2.	Guru nitah maca dongéng Sunan Gunung Jati, murid maca kalawan daria. Tina ieu pancén dipiharep murid meunang pamahaman kana eusi, jalan caritana.
3.	Sanggeus dongéng dibaca, Guru méré tugas ngaringkes ieu dongéng tur hasilna dipeunteun ku guru. Dina hasil pagawéan murid, guru méré catetan-catetan ngeunaan kakuranganana, upamana waé: ringkesan teu lengkep, henteu ngaguluyur, jst.
4.	Léngkah kaopat guru nunjuk murid ka hareup nitah ngadongéngkeun deui Sunan Gunung Jati maké basana sorangan. Guru ngaping dongéng murid, utamana dina milih kekecapan atawa kalimah anu kurang merenah. Murid nu kagiliran ka hareup teu kawatesanan jumlahna, diluyukeun jeung waktu.
5.	Dina kagiatan ka-5, guru méré pancén nyatetkeun kekecapan anu teu dipkaharti ku murid sarta bagian tina diajar néangan harti tina kamus. Ku lantaran kitu, murid ogé ditugaskeun pikeun muka kamus bari dibéré pituduh-pituduh praktis.

G. Kajembaran Basa

No	KAGIATAN
1.	Guru ngawanohkeun istilah patukangan anu mindeng kapanggih dina dongéng, dipiharep murid bisa matalikeun pikiran kana harti éta istilah, upamana waé istilah paninggaran (tukang moro), pikiran murid diajak ngabayangkeun yén baheula mah leuweung-leuweung téh masih loba sasatoan boroan.
2.	Guru méré pancén nuliskeun istilah patukangan nu kiwari masih aya tur hirup di masarakat. Tugasna kieu: <i>Cik tataan istilah patukangan nu hidep apal jaman ayeuna!</i> Jawaban murid diantaranya: kusir, supir, ojég, montir, masinis, pilot ,jst.

3.	<p>Sangkan murid leuwih paham kana istilah-istilah patukangan, guru méré eusianeun murid. Pancénna kieu: Lengkepan ieu kalimah ku istilah patukangan nu aya di beulah katuhu!</p> <p>(1) Pangarang téh baheula mah disebut bujangga.</p> <p>(2) Paneresan téh tukang nyadap kawung.</p> <p>(3) Paparabotan tina tambaga téh dijieunna ku palédang.</p> <p>(4) Sato galak gé ari ka malim mah nurut.</p> <p>(5) Juru laden dinu kariaan disebut pakacar.</p> <p>(6) Baheula mah aya tukang teuleum nu disebut palika.</p> <p>(7) Pamatang téh tukang moro maké tumbak.</p> <p>(8) Ari tukang moro maké bedil mah disebut paninggalan.</p> <p>(9) Alusna mah mun asup ka makam bébéja heula ka kuncén.</p> <p>(10) Tukang nyieunan bedog disebutna panday.</p>
----	--

SAJAK

A. Maca Sajak

Kegiatan Awal

Guru asup ka kelas bari ngucapkeun salam, murid ngajawab salam guru babarengan. Saméméh ngamimitian kagiatan diajar ngajar, guru ngondisikeun heula kelas supaya kaayaan tartib, tenang, jeung diuk dina korsi sewang-séwangan kalawan rapih. Sanggeus katémbong tartib, rapih, jeung saregep, guru nitah KM nyiapkeun kelas. Saterusna guru ngabsén murid bari sakalian nyiar raratan nu teu hadir ka murid nu ngarasa deukeut imahna. Bérés ngabsén, guru ngamimitian prosés diajar ngajar.

No	KAGIATAN
1.	Murid ngamimitian diajar, guru nitah maca sajak “Bandung” beunang Wahyu Wibisana. Mimiti sina dibaca dina jero haté sangkan kalenyepan eusina, saterusna sina dibaca bedas. Kelas jadi kareungeu ramé, henteu masalah.
2.	Léngkah kadua, guru nugaskeun maca sajak ka hareup, dipilih nu katémbong geus enya-nya siap. Murid ngaaprésiasi sajak anu saterusna digiring pikeun diajar ngritik, upamana waé kana lentong jeung eksfrési lianna.
3.	Sanggeus sababaraha urang murid maca sajak di hareup, guru nyontoan maca sajak. Sanggeus dicontoan, murid beuki ngarasa yén maca sajak téh kudu ngaluyukeun kana situasi katut makna nu dikandung dina éta sajak.
4.	Guru sanggeus nyontoan maca sajak, timbul sumanget murid pikeun maca sajak henteu karana kapaksa dititah guru. Maca sajak sing jadi bagian tina pangaresep murid.
5.	Guru nerangkeun yén maca sajak mah lain ngan sakadar tarik gorowokna, lain ogé gegerenyeman tapi kudu luyu kana situasi nu kagambar dina éta sajak kaasup maca kekecapan nu jadi symbol. Cindekna, maca sajak mah béda jeung maca koran, maca carpon, atawa gogorowokan jiga nu ambek.

B. Medar Perkara Sajak

No	KAGIATAN
1.	Guru nerangkeun eusi sajak “Bandung” beunang Wahyu Wibisana, murid ngabandungan kalawan daria. Kalan-kalan guru ngajukeun patalékan lisan pikeun ngahudang pamahaman murid kana sajak.
2.	Guru nerangkeun yén dina sajak mah umumna ngandung kecap-kecap atawa ungkara nu mibanda harti konotatif, lain harti saujuratna saperti nu kaunggel dina kamus. Dina sajak “Bandung” upamana, aya ungkara: <ul style="list-style-type: none"> - ieu Bandung nu heurin ku tangtung(padet pendudukna) - itu Lémbang kota hérang jeung béntang(kota nu kawilang éndahna)
3.	Guru ngécéskeun yén dina sajak téh aya unsur-unsur intrinsik nu ngawengku téma (dasar/poko pasualan nu ditepikeun dina sajak), suasana (gambaran kaayaan), imaji (gambaran nu karasa, kadéngé, atawa katénjo- najan ukur dina wangwangan), simbul (kecap nu dipaké pikeun ngantebkeun maksud), wirahma (irama, galindengna sora kecap), jeung amanat (amanat pangarang ka nu macana).
4.	Pikeun nguji pamahaman murid, guru nepikeun pananya kieu: Naon téma jeung amanat sajak “Bandung”? Pék jéntrékeun! Murid ngajawab: témana kaéndahan kota Bandung; amanatna, pangarang umajak nyaritakeun ieu kaéndahan kota ku basa urang, basa Sunda.

C. Ngadéklamasikeun Sajak

No	KAGIATAN
1.	Dina ieu kagiatan, guru ngawanohkeun heula sababaraha sajak. Geus kitu murid sina milih hiji sajak anu engkéna jadi bahan déklamasi. Suasana kelas bakal ramé, henteu masalah da moal bisa dikondisikeun jempling, malah suasana ramé ngébréhkeun yén barudak aktif kana pangajaran.
2.	Upama sajak-sajak nu aya dina buku pakét teu aya nu kapilih ku murid, guru méré kasempetan ogé ka murid pikeun néangan sajak nu dianggap cocog ku maranéhna di perpustakaan sakola.

3.	Murid bagilir ka hareup ngadéklamasikeun sajak beunangna milih, ari guru meunteun dumasar kana lentong jeung éksprési katut kréatifitas-kréatifitas lianna. Murid nu nunggu giliran sina ngaaprénsiasi, saterusna ditanya kumaha pamanggihna, salian ti dikoméntaran ku guru.
4.	Murid nu pangalusna déklamasi bisa dijadikeun conto keur kelas-kelas séjén sakaligus pikeun ngawewegan méntalna supaya leuwih wantér. Tina unggal kelas tangtu aya hiji-dua mah nu bisa ditampilkeun di kelas lian pikeun jadi conto.
5.	Guru ngécéskeun yén murid nu meunang peunteun kurang dina déklamasi lain hartina euweuh bakat dina soal maca atawa déklamasi sajak, tapi aya anu can kateuleuman tina éta sajak.

D. Pedaran Déklamasi

No	KAGIATAN
1.	Guru nerangkeun sakur nu kapanggih dina déklamasi kaasup ngoméntaran prakprkanana murid déklamasi, murid apal bédana maca sajak jeung déklamasi. Diterangkeun ogé yén bisana ngadéklamasikeun sajak téh upama sajakna geus enya-nya katalar, sabab dina déklamasi mah henteu mawa deui sajak pikeun dibaca.
2.	Sok sanajan nu utama mah sajak téh dibaca, tapi tétéla bisa dipatéahkeun dina wangun pagelaran nyaéta déklamasi téa. Malah kira-kira taun 70-an déklamasi sajak téh kawilang populer sarta mindeng dipasanggirikeun pangpangna di kalangan murid-murid SD. Kadieunakeun, lain waé dibaca jeung didéklamasikeun, sajak ogé mimiti dilaguan jeung dimusikan nyaéta nu disebut musikalisasi puisi. Sanggeus guru ngécéskeun, dipiharep murid kahudang pikeun ngajukeun pertanyaan.
3.	Pikeun nguji pamahaman murid, guru ngajukeun pananya: <i>Cik terangkeun bédana maca sajak, déklamasi, jeung musikalisasi puisi?</i> Jawaban murid bisa kieu: <ul style="list-style-type: none"> - Maca sajak nyaéta maca bedas sajak luyu jeung téma sarta amanat nu dikandung dina sajak.nu dibacana. - Déklamasi nyaéta ngalisankeun sajak ku cara ditalar di hareupeun umum.

	<p>- Musikalisasi puisi nyaéta ngalaguan jeung ngamusikan sajak.</p> <p>Jawaban-jawaban murid bisa loba rupana, guru teu kudu saklek nyalahkeun tapi jawaban murid dilelempeng.</p>
4.	<p>Guru ogé mere kasempetan ka murid pikeung ngajukeun pananya perkara matéri medar déklamasi nu aya dina buku pakét. Pertanyaan murid saméméh dijawab ku guru diasongkeun heula ka sakumna murid di kelas, guru ngalelempeng jawaban-jawaban murid.</p>

E. Ngarang Sajak

No	KAGIATAN
1.	<p>Kegiatan E Ngarang Sajak, guru saméméhna ngahudang pangjurung murid yén ngarang sajak téh lain pagawéan nu hésé, murid ngarasa gedé haté bisa ngarang sajak.</p>
2.	<p>Dina ngajarkeun kumaha carana ngarang sajak, guru ulah waka mikeun tiori-tiori ngeunaan cara ngarang sajak lantaran bisa nalikung fantasi katut imajinasi murid, gugon kana tiori téa. Tiori ngeunaan ngarang sajak nu kapanggih dina buku-buku sumber cukup jang référénsi baé keur bahan pangaweruh murid. Jadi lain hartina tiori ngarang teu penting.</p>
3.	<p>Saterusna guru ogé nerangkeun yén sagala rupa nu katénjo, kadéngé, karasa (kaasup karasa ku haté), jeung nu kagambar dina pikiran bisa dijieun sajak. Upamana waé nu katénjo di kelas, saperti korsi, panto, kaca jandéla, gambar présidén, gambar pahlawan, kaasup Bapa/Ibu Guru bisa dijieun sajak. Nu kadéngé saperti béja, bewara, carita lisan, jeung sajabana bisa dijieun sajak. Béja ngeunaan musibah banjir, gunung bitu, tsunami, babaturan meunang kabungah, jst. Nu karasa, upamana waé tugenah atawa sedih, karunya, bungah, rudet, jeung saterusna bisa dijieun sajak. Nu kagambar dina pikiran bisa ogé dijieun sajak, upamana waé situasi di Bali, Singapur, Amérika sanajan can kungsi nganjang ka dinya, istuning nu kagambar dina pikiran waé. Nya kitu deui ide atawa gagasan pikiran bisa deuih dijieun sajak.</p>

4.	<p>Kagiatan ka-4 guru mimiti nugaskeun murid pikeun milih obyék bahan keur ngarang sajak, bahan nu aya di jero kelas. Modél nu kaunggel dina buku pakét saperti kieu karangan murid: Murid milih obyék korsi, terus ditulis dina wangun tulisan lancar, seterusnya éta kalimah-kalimah téh dicacagan sarta disusun deui dina wangun ugeran.</p> <p>Korsi téh alus, dijieunna tina kai. Korsi nu didiukan ku abdi aya tumbilaan, atuh ari gék téh bujur mani asa panas jeung renyem. Hayang teuing diuk dina korsi jok anu hipu. Tapi kéténg diajar bari diuk dina korsi hipu mah engké jadi tunduh. Geuning sok ningali dina tv, nu keur rapat sok aya nu narundutan, da meureun korsi hipu. Hayang teuing kuring diuk dina korsi hipu. Kalimah di luhur dicacagan, jiga ieu di handap.</p> <p style="text-align: center;">KORSI</p> <p><i>korsi alus tina kai</i> <i>korsi kuring panas, tumbilaan</i> <i>hayang teuing diuk dina korsi hipu</i> <i>ngan sieun diajar jadi nundutan</i> <i>jiga nu rapat narundutan</i> <i>lantaran korsi hipu</i> <i>hayang teuing diuk dina korsi hipu</i></p>
5.	<p>Murid bébas nuliskeun naon nu aya dina pikiranana dina wangun kalimah-kalimah, tah sanggeus jadi sajak, kakara guru ngalelempeng atawa ngoméntaran kana karangan murid. Sajak beunang murid nu kaasup alus engkéna sina ditémpél di majalah dingding nu aya di sakola.</p>

PUPUJIAN

A. Nadomkeun Pupujian

Kegiatan Awal

Guru asup ka kelas bari ngucapkeun salam, murid ngajawab salam guru babarengan. Saméméh ngamimitian kagiatan diajar ngajar, guru ngondisikeun heula kelas supaya kaayaan tartib, tenang, jeung diuk dina korsi séwang-séwangan kalawan rapih. Sanggeus katémbong tartib, rapih, jeung saregep, guru nitah KM nyiapkeun kelas. Saterusna guru ngabsén murid bari sakalian mapaykeun nu teu hadir ka murid nu ngarasa deukeut imahna. Bérés ngabsén, guru ngamimitian prosés diajar ngajar. Murid sina ngaluarkeun buku pakét basa Sunda jeung buku catetan murid.

No	KAGIATAN
1.	Saméméh ngamimitian prosés diajar ngajar, guru ngawanohkeun heula matéri nu baris diajarkeunana, dijéntrékeun téma katut tujuan nu kudu kahontal ku murid dina Pangajaran 7. Saterusna guru ogé ngawanohkeun subtéma-subtéma lianna anu raket tur ngait kana téma utama pupujian. Guru ngamimitian ngawanohkeun heula pupujian “Anak Adam”, murid mimiti tinggerendeng nadomkeun éta pupujian saluyu jeung nu kungsi kareungeu atawa kaalaman nadomkeun di lemburna séwang-séwangan.
2.	Guru nerangkeun yén pupujian “Anak Adam” téh méh aya di unggal wewengkon sarta rumpakana sarua, ngan langgamna nu béda-béda téh. Guru teu kudu maksa murid sangkan maké langgam nu dipikawanoh guru.
3.	Sanggeus murid ramé nadomkeun pupujian “Anak Adam” saluyu jeung langgamna séwang-séwangan, guru mimiti nunjuk salasaurang murid pikeun nadomkeun éta pupujian di hareup, murid séjén sina ngabandungan bari nunggu kagiliran.

4.	Guru nyontoan nadomkeun pupujian “Anak Adam” anu saterusna diturutan ogé ku murid. Murid silegenti ka hareup, guru meunteun kagiatan murid.
----	---

B. Nadomkeun Pupujian Babarengan

No	KAGIATAN
1.	Guru ngawanohkeun rupa-rupa pupujian, murid ogé nyebutan pupujian nu dipikawanoh di lemburna. Guru nyontoan nembangkeun salasahiji pupujian “Tos Medal Bulan Purnama” beunang sababaraha balikan, murid nurutan nepi ka karasa langgamna teu sumbang.
2.	Guru ngajak sakumna murid nembangkeun pupujian “Tos Medal Bulan Purnama”, murid kalawan daria milu kana kagiatan nadom.
3.	Guru méré tugas ka murid sangkan nyieun kelompok nu jumlahna lima pikeun nadomkeun éta pupujian di hareup. Sanggeus kabéh baroga kelompok, guru ngamimitian nunjuk perkelompok pikeun nadom di hareup, guru méré peunteun ka unggal kelompok.
4.	Kelompok nu peunteunna pangalusna dipaké conto nadom ka kelas séjén nu baris nampa pangajaran nu sarua.

C. Maham Eusi Pupujian

No	KAGIATAN
1.	Guru nitah maca deui dua pupujian nu geus ditembangkeun ti heula, nyaéta pupujian “Anak Adam” jeung “Tos Medal Bulan Purnama” sangkan paham kana eusina. Murid maca éta dua pupujian dina jero haténa.
2.	Guru ngajelaskeun tempat jeung irahana-irahana pupujian dinadomkeun, murid matalikeun pikiranana kana nu kungsi kareungeu nadom pupujian di lingkungan padumukanana.

3.	Geuru ngécéskeun papasingan pupujian dumasar kana eusi atawa maksud nu dikandungna, murid matalikeun eusi pupujian “Anak Adam” jeung “Tos Medal Bulan Purnama”.
4.	<p>Murid bisa ngajawab pertanyaan ngeunan pupujian nu aya dina pakét buku “Basa Sunda”, pertanyaanana ieu di handap.</p> <ol style="list-style-type: none"> 1. Naon téma pupujian “Anak Adam” di luhur téh? 2. Ari pupujian “Tos Medal Bulan Purnama” naon deuih témamana? 3. Saha nu dimaksud anak Adam dina pupujian di luhur téh? 4. Amanat naon nu dikandung dina pupujian “Anak Adam” di luhur téh? 5. “Anak Adam paéh anjeun téh nyorangan/cul anak salaki jeung babandaan”. Héng jéntrékeun maksud éta ungkara! 6. Naon anu bakal nyaangan di jero kubur? 7. Naon eusi dina pada katilu pupujian <i>Tos Medal Bulan Purnama</i>? 8. Di mana jeung iraha ditembangkeunana pupujian téh? 9. Nurutkeun eusina, pupujian bisa dipasing-pasing jadi sabaraha bagian? 10. Jelaskeun eusi pupujian Anak Adam nurutkeun pamangih hidep!
5.	<p>Guru ngabahas jawaban murid sakaligus méré peunteun kana jawaban-jawaban murid. Tina sapuluh jawaban murid, kira-kira kieu eusina:</p> <ol style="list-style-type: none"> 1. Témana ngeunaan pati yén sakumna manusa bakal maot. 2. Dibabarkeunana Kangjeng Nabi Muhamad. 3. Urang saréréa, sakumna manusa. 4. Maot téh nyorangan jeung taya nu dibawa. 5. Ninggalkeun naon rupa nu dipikanyaan kaasup babandaan. 6. Maca Qur'an. 7. Nabi Muhamad kénging paréntah husus ti Gusti Alloh. 8. Di masjid jeung madrasah, saméméh solat berjamaah jeung bari nungguan ustad. 9. Jadi opat bagian. 10. Hirup téh kudu bener sabab sakabéh turunan Adam bakal maot, di kubur moal aya nu nulungan kajaba amal soleh jeung tumut kana paréntah agama.

D. Wangun Pupujian

No	KAGIATAN
1.	Guru ngécéskeun wangun pupujian, murid ngabandungan bari nyatet sakur nu dianggap penting nu diterangkeun guru.
2.	Murid diajak nganalisis wangun pupujian “Eling-éling Dulur Kabéh” nu aya dina buku pakét murid. Analisina ngawengku jumlah padalisan (jajaran) dina unggal pada (bait), lobana engang (suku kata) dina unggal jajaran, Randegan dumasar kana wirahmana, purwakanti dina engang panungtung unggal jajaran.
3.	Guru jeung murid babarengan nganalisis dumasar kana éta patokan. Jumlah jajaran dina unggal bait pupujian “Eling-éling Dulur Kabéh” nyaéta panjangna aya opat bait, unggal bait diwangun ku opat ajar. Ieu geura di handap! <i>Eling-eling dulur kabéh</i> <i>Ibadah ulah campoléh</i> <i>Beurang peuting ulah weleh</i> <i>Bisina kaburu paéh</i>
4.	Analisis kadua, lobana engang dina unggal jajaran aya dalapan engang. Murid diajak ngitung jumlah engang, conto dina bait kadua “Eling-éling Dulur Kabéh” ieu di handap. <i>Sabab urang bakal mati</i> (8 engang) <i>Nyawa dipundut ku Gusti</i> (8 engang) <i>Najan raja nyakrawati</i> (8 engang) <i>Teu bisa nyingkiran pati</i> (8 engang)
5.	Analisis katilu, randegan tina unggal jajaran nurutkeun wirahmana diwangun ku dua randegan. Ieu geura titénan contona dina bait katilu pupujian “Eling-éling Dulur Kabéh”. Karasana /keur sakarat Nyerina / kaliwat-liwat Kana ibadah / diliwat Tara ngalakukeun / salat

6.	<p>Analisis kaopat, purwakanti dina engang panungtung dina kecap pamungkas unggal jajaran. Ieu geura titénan analisis dina pada kaopat pupujian “Eling-éling Dulur Kabéh”.di handap.</p> <p><i>Kaduhung kaliwat langkung(langkung)</i></p> <p><i>Tara nyembah ka Yang Agung(agung)</i></p> <p><i>Sakarat nyeri kalangkung(kalangkung)</i></p> <p><i>Jasadna teu meunang embung(embung)</i></p>
----	--

E. Ngabandingkeun Pupujian jeung Sajak

No	KAGIATAN
1.	<p>Guru ngajak murid nganalisis wangun sajak, terus dibandingkeun jeung wangun pupujian “Eling-éling Dulur Kabéh” nu dina subtéma D di luhur. Murid daria nganalisis babarengan jeung guru.</p>
2.	<p>Sajak nu dipaké babandinganana nyaéta sajak “Lagu Paturay” karya Surachman RM, dianalisis saperti pupujian “Eling-éling dulur Kabéh”. Geura urang cutat sagunduk</p> <p>LAGU PATURAY/Surachman RM</p> <p><i>Soara nyawa kari sakésétan napas biola</i></p> <p><i>ngeleperkeun lagu lumayung hideung</i></p> <p><i>tengtrem temen anjeun nyangsaya, enung</i></p> <p><i>luang ka tukang ngulahék nembongan lila</i></p>
3.	<p>Guru ngamimitian tina lobana engang dina unggal jajaran, sanggeus dianalisis tétéla teu sarua, ieu contona di handap.</p> <p><i>Soara nyawa kari sakésétan napas biola</i> (16 engang)</p> <p><i>ngeleperkeun lagu lumayung hideung</i> (11 engang)</p> <p><i>tengtrem temen anjeun nyangsaya, enung</i> (11 engang)</p> <p><i>luang ka tukang ngulahék nembongan lila</i> (13 engang)</p> <p>Katémbong tina unggal jajaran henteu sarua, jajaran kahiji aya 16 engang, jajaran kadua 11 engang, jajaran katilu 11 engang, jeung dina jajaran kaopat aya 13 engang. Bandingkeun jeung pupujian “Eling-éling dulur Kabéh”.diwangun ku dalapan engang.</p>

4.	<p>Saterusna analisis purwakanti dina unggal jajaran, ieu contona di handap.</p> <p><i>Soara nyawa kari sakésétan napas biola</i>(biola)</p> <p><i>ngeleperkeun lagu lumayung hideung</i>(hideung)</p> <p><i>tengtrem temen anjeun nyangsaya, enung</i> (enung)</p> <p><i>luang ka tukang ngulahék nembongan lila</i>(lila)</p>
5.	<p>Guru jeung murid nyindekkeun yén wangun pupujian jeung sajak téh béda sanajan duanana kaasup puisi. Guru ogé nyebutkeun ka murid yén pupujian kaasup puisi kauger, ari sajak kaasup puisi bébas. Lantaran puisi pupujian mah wangunna geus matok, atuh leuwih genah ditembangkeun atawa dinadomkeun, henteu ngan sakadar dibaca</p>

AKSARA SUNDA

A. Nuliskeun Aksara Sunda

Kegiatan Awal

Guru asup ka kelas bari ngucapkeun salam, murid ngajawab salam guru babarengan. Saméméh ngamimitian kagiatan diajar ngajar, guru ngondisikeun heula kelas supaya kaayaan tartib, tenang, jeung diuk dina korsi séwang-séwangan kalawan rapih. Sanggeus katémbong tartib, rapih, jeung saregep, guru nitah KM nyiapkeun kelas. Saterusna guru ngabsén murid bari sakalian mapaykeun nu teu hadir ka murid nu ngarasa deukeut imahna. Bérés ngabsén, guru ngamimitian prosés diajar ngajar. Murid sina ngaluarkeun buku pakét basa Sunda jeung buku catetan murid.

No	KAGIATAN
1.	Guru ngamimitian diajar ngajar ku cara ngajukeun pertanyaan ngeunaan aksara Sunda. Pertanyaanana saperti kieu: Hidep keur di SD kungsi diajar aksara Sunda? Mun jawaban murid nyebut kantos, guru ngajukeun deui pananya: Cing nu masih inget, tuliskeun ngaran hidep ku aksara Sunda! Di antara murid di kelas tangtu aya nu bisa, saterusna murid nu ngarasa bisa sina nuliskeun ngaranna dina bor.
2.	Guru ngamimitian deui ngajarkeun aksara Sunda ku cara ngawanohkeun aksara ngalagena, aksara swara, rarangkén, jeung angka. Murid latihan nulis saluyu jeung nu aya dina buku pakét.
3.	Guru nyontoan cara nuliskeun rarangkén, murid latihan nulis. Murid nu geus rada bisa nulis, boh aksara ngalagena, aksara swara, rarangkén, jeung angka ditunjuk sina nuliskeun dina bor di hareup, terus bagilir keur nu geus ngarasa bisa, ari nu can bisa angger latihan.
4.	Guru mariksa pagawéan murid, kakuranganana dibenerkeun ku guru. Murid nu nulis dina bor sina dibenerkeun ku babaturanana. Sanggeus katémbong bisa atawa taram-taram, guru mimiti subtéma lianna dina pangajaran aksara Sunda.

B. Maca jeung Nulis Aksara Sunda

No	KAGIATAN
1.	Sanggeus diajar nulis, guru mimiti ngajak murid diajar maca bacaan-bacaan pondok. Pancén-pancén nu aya dina buku pakét sina dipigawé di kelas, sésana dijadikeun PR geusan eusianeun di imah.
2.	Tina tilu pancén, saupama bisa réngsé dipigawé di kelas, guru mun perlu méré pancén tambahan pigawéun di imahna séwang-séwangan. Murid kudu enya-nya katémbong resepna diajar maca jeung nulis aksara Sunda.
3.	Sakabéh pagawéan murid dipariksa ku guru sarta peunteunna diasupkeun kana kolom peunteun tugas. Murid ogé dibéré kasempetan pikeun ngajukeun rupa-rupa pananya ngeunaan penting jeung gunana aksara Sunda. Salian ti kitu, guru ogé nyebutan rupa-rupa hal saperti plang jalan nu geus maké tambahan ku aksara Sunda.

C. Ngagunakeun Aksara Sunda

No	KAGIATAN
1.	Guru ngécéskeun yén aksara Sunda bisa dipaké keur rupa-rupa kaperluan saperti nu kaunggel dina buku pakét, di antarana keur kaperluan keur plang jalan, plang gang, plang kantor, plang tempat wisata, jeung sajabana. Eta kaperluan téh engkéna bakal jadi idéntitas lokal Sunda. Tangtu baé, saméméh batur tumanya ngeunaan kumaha nulis atawa maca aksara Sunda, nya urang nu kungsi diajar di sakola kudu sanggup ngécéskeunana.
2.	Murid dibéré pamahaman yén engkéna idéntitas urang Sunda téh lain baé nu mangrupa papakéan tapi ogé aksara Sunda. Ku sabab kitu, kiwari geus mimiti ngaran-ngaran jalan ditulis ogé aksara Sundana.

3.	Dina submatéri B Ngagunakeun aksara Sunda, murid diasongan rupa-rupa pancén, boh pancén kelompok boh pancén individu. Murid dibéré lolongkrang pikeun migawé éta pancén di luar jam diajar mun teu kaburu kapigawé di kelas.
4.	Pancén ti nomer 4 tepi ka nomer 10 gumantung kana kaperluan guru, dina harti teu kudu saklek kudu kapigawé sagemblengna ku murid. Atawa, bisa ogé dijojoan nu sakirana penting keur kaperluan méré peunteun. Guru ogé bisa méré pancén tambahan keur ngahudang kréatifitas murid.

Bab III

PITUDUH MEUNTEUN

MODEL PENILAIAN AUTENTIK DINA PROSES JEUNG HASIL DIAJAR DUMASAR KANA KURIKULUM 2013

A. Wangenan Asesmen Autentik

Nu dimaksud Asesmen Autentik téh nyaéta ngukur kamampuh murid sacara signifikan kana hasil diajarna anu ngawengku sikep, kaparigelan, jeung pangaweruh. Isitilah asesmen téh sinonim tina meunteun (penilaian), ngukur (pengukuran), nguji (pengujian), jeung evaluasi. Sedengkeun istilah autentik sasaruanna tina asli, nyata, valid, atawa reliabel.

Sacara konséptual, asesmen autentik ngandung makna anu leuwih signifikan dibandingkeun jeung tés pilihan ganda anu geus nyumponan standar. Dina ngalarapkeun asesmen autentik pikeun ngajén hasil diajar murid, guru ngalarapkeun kriteria anu tumali jeung konstruksi pangaweruh, kagiatan niténan jeung ujicoba, ogé préstasi di luar sakola.

Dina American Library Association, asesmen autentik téh miboga harti hiji proses pikeun ngukur kinerja, prestasi, motivasi, jeung sikep-sikep murid dina kagiatan anu aya patalina jeung pangajaran.

Sedengkeun dina Newton Public School, asesmen autentik miboga harti proses ngajén kana hasil jeung pagawéan murid anu aya patalina jeung pangalaman hirup anu nyata.

Nu pamungkas, Wiggins ngadéfinisikeun asesmen autentik téh mangrupa hiji tarékah pikeun méré pancén ka murid anu pancénna téh ngagambarkeun prioritas jeung tantangan anu kapanggih sajeroning kagiatan diajar upamana dina nalungtik hiji pasualan, nulis, ngoméan jeung medar artikel, ngalaporkeun hasil analisis kana hiji kajadian, debat dina diskusi, jsb.

B. Rupa-rupa Asesmen Autentik

Dina raraga ngalaksanakeun asesmen autentik nu hadé, guru kudu paham heula kana tujuan anu bakal dihontal. Guru kudu nyindekkeun heula hal-hal anu patali jeung:

1. Sikep, kaparigelan, jeung pangaweruh naon baé anu bakal diajén.
2. Fokus pangajén kana widang naon baé, naha anu patali jeung sikep, jeung kaparigelan, atawa jeung pangaweruh.
3. Tingkat pangaweruh anu bakal dianjénna nepi ka mana, upamana nalar, memori, atawa proses.

Sangkan leuwih jéntré, di handap dibéréndélkeun rupa-rupa asesmen autentik:

1. Penilaian Kinerja

Asesmen autentik kudu ngalibetkeun partisipasi murid, hususna dina proses jeung aspék-aspék anu bakal diajén. Guru bisa méré pancén ka murid pikeun nyebutkeun unsur-unsur proyék/pancén anu bakal dipaké ku murid pikeun ngaréngsikeun pancénna. Ku ayana informasi ieu, guru bisa méré umpan balik kana kinerja murid dina wnaun laporan naratif atawa laporan kelas. aya sababaraha cara pikeun ngarékam hasil ngajén anu basisna kinerja:

- daptar ceklis (checklist). Digunakeun pikeun mikanyaho muncul atawa henteuna unsur-unsur nu tangtu tina indikator atawa subindikator nu kudu aya dina hiji kajadian atawa tindakan.
- catetan anékdotal/narasi (anecdotal/narative records). Digunakeun ku jalan guru nuliskeun laporan narasi ngeunaan naon baé anu dipigawé ku unggal murid salila kagiatan diajar atawa migawé pancén. Tina ieu laporan guru bisa nangtukeun nepi ka mana murid nyumponan standar anu geus ditangtukeun.
- Skala penilaian (rating scale). Biasana ngagunakeun skala numerik jeung predikatna. Upamana: 5 = baik sekali, 4 = baik, 3 = cukup, 2 = kurang, 1 = kurang sekali.
- memori/ingatan (memory approach). Guru niténan murid salila diajar atawa migawé pancén, bari jeung teu nyieun catetan, naha murid geus nyumponan standar anu geus ditangtukeun atawa acan.

Niténan kinerja murid bisa dilaksanakeun dina rupa-rupa situasi sarta tuluy-tumuluy. Upamana, pikeun ngajén kaparigelan nyarita, guru bisa niténan dina waktu murid prakték biantara, diskusi kelas, ngadongéng, nyaritakeun deui eusi wacana, atawa wawancara. Bisa digunakeun rupa-rupa instrumen, upamana ngajén sikep, observasi tingkah laku, nanya langsung, jsb.

Penilaian diri (self assesment) kaasup kana penilaian kerja. Mangrupa salasahiji tehnik ngajén anu prak-prakanana murid dibéré pancén ngajén dirina sorangan anu patali jeung tingkat kamampuhna dina hiji kompetensi. Téhnik ieu gé bisa dipaké pikeun ngukur kompetensi kognitif, afektif, jeung psikomotor dumasar kana standar anu geus ditetepkeun. Gedé pisan mangpaat téhnik penilaian diri téh, diantaranya: 1) numuwuhkeun rasa percaya diri murid, 2) murid sadar kana kahéngkéran jeung kapunjulanana sorangan, 3) ngarojong jeung ngabiasakeun murid jujur ka dirina sorangan, 4) numuwuhkeun sumanget pikeun maju dina dirina.

2. Penilaian Proyek.

Penilaian proyek (project assesment) mangrupa kagiatan ngajén kana pancén-pancén anu kudu diréngsékeun ku murid dina peride waktu anu geus ditangtukeun. Pancén anu dimaksud mangrupa investigasi anu dipigawé ku murid ti mimiti nyieun rarancang, ngumpulkeun data, ngelompokkeun, ngolah, jeung midangkeun data. Ku kituna, penilaian proyek mah patali jeung pamahaman, ngalarapkeun, nalungtik, jsb. Salila migawé proyek, murid miboga kasempetan pikeun ngalarapkeun sikep, kaparigelan, jeung pangaweruhna. Ku kituna, guru kudu niténan tilu perkara:

- a. Kaparigelan murid dina milih topik, néangan jeung ngumpulkeun data, ngolah jeung nganalisis data, méré harti (ngamaknaan) informasi anu kapanggih, jeung nulis laporan.
- b. Kasaluyuan (relevansi) matéri pangajaran jeung kamekaran sikep, kaparigelan jeung pangaweruh anu diperlukeun ku murid.
- c. Orisinalitas atawa kaaslian hiji “proyek pembelajaran” anu dipigawé atawa dihasilkeun ku murid.

3. Penilaian Portofolio

Penilaian portofolio minangka pangajén anu dumasar kana informasi ngeunaan kamekaran kamampuh murid dina hiji periode. Eta informasi téh bisa mangrupa karya murid tina hiji kagiatan diajar anu dianggap panghadéna, bisa tina hasil tés, atawa informasi séjénna anu luyu jeung sikep, kaparigelan, atawa pangaweruh anu kudu dihontal dina hiji kompetensi. Jadi, anu diajén téh kumpulan karya murid, boh sorangan- sorangan boh kelompok dina hiji periode kagiatan diajar.

Ku penilaian portofolio, guru bisa mikanyaho kamekaran jeung kamajuan diajar murid. Upamana dina hasil karya nyieun sajak, nulis carpon, ngaringkes novel, nulis laporan kagiatan, nulis naskah drama, nulis guguritan, jsb.

Léngkah-léngkah penilaian portofolio:

- 1). Guru ngajéntrékeun sacara ringkes anu dimaksud penilaian portofolio
- 2). Guru jeung murid nangtukeun jenis portofolio anu bakal dijieun
- 3). Murid, boh kelompok boh individu, kalawan dituyun ku guru nyusun portofolio pembelajaran.
- 4). Guru ngumpulkeun portofolio murid dibarengan ku catetan tanggal ngumpulkeunana.
- 5). Guru meunteun potofolio murid dumasar kana kriteria anu geus ditangtukeun

- 6). Mun kaburu, guru jeung murid ngadiskusikeun dokumen portofolio anu geus dikumpulkeun
- 7). Guru méré umpan balik kana hasil penilaian portofolio.

4. Tés Tinulis

Najan konsép asesmen autentik muncul lantaran aya anggapan tés tinulis kurang nyugemakeun, tapi dina kagiatan diajar tés tinulis angger diperlukeun. Wangunna bisa milih jawaban, upamana pilihan ganda, milih bener-salah, ya-tidak, ngajodokeun, jsb. Bisa ogé ngajawab ku jalan ngeusian luyu jeung pananya (uraian).

Tés tinulis wangun uraian meredih kamampuh murid dina nginget-nginget, mahankeun, ngelompokkeun, ngalarapkeun, nganalisis, jeung ngajén matéri anu geus diajarkeun. Nyieun soalna diusahakeun bisa ngawengku ranah sikep, kaparigelan, jeung pangaweruh murid. Tés wangun uraian méré kasempetan ka guru pikeun ngukur hasil diajar murid dina tahapan anu leuwih luhur atawa kompleks.

C. Conto Pormat Meunteun

1. KELAS 7

Matéri Paguneman

1. Bentuk Instrumen dan Instrumen

- a. Kompetensi Sikap:

Lembar Pengamatan Sikap

Mata Pelajaran : Bahasa dan Sastra Sunda

Kelas/Semester : VII/1

Tahun Ajaran :

Waktu Pengamatan :

No	Nama Siswa	Religius				Jujur				Tanggungjawab				Santun			
		BT	MT	MB	MK	BT	MT	MB	MK	BT	MT	MB	MK	BT	MT	MB	MK

Keterangan:

1. BT (belum tampak) jika sama sekali tidak menunjukkan usaha yang sungguh-sungguh dalam menyelesaikan tugas.
 2. MT (mulai tampak) jika menunjukkan sudah usaha ada yang sungguh-sungguh dalam menyelesaikan tugas tetapi masih sedikit dan belum ajeg/konsisten.
 3. MB (mulai berkembang) jika menunjukkan ada usaha yang sungguh-sungguh dalam menyelesaikan tugas yang cukup sering dan mulai ajeg/konsisten
 4. MK(membudaya) jika menunjukkkan adanya usaha sungguh-sungguh dalam menyelesaikan tugas secara terus menerus dan ajeg/konsisten.
- b. Kompetensi Pengetahuan:
- Soal Tes Lisan
- 1) Lamun dititénan tina paguneman anu dilakukeun ku A jeung B, kira-kira naon hubungan antara A jeung B téh?
 - 2) Sebutan kalimah-kalimah nu jadi konci dina éta paguneman!
 - 3) Sebutan bagian-bagian eusi éta paguneman!
 - 4) Naon anu hayang ditepikeun ku A ka B téh?
 - 5) Naon anu jadi jejer paguneman antara A jeung B?
- c. Kompetensi Keterampilan:
- Lembar Penilaian Teks Paguneman (a)

No.	Nama Peserta Didik	Aspek yang Dinilai			
		Isi (1-5)	Organisasi (1-5)	Diksi (1-5)	Struktur (1-5)

- Lembar Penilaian Unjuk Kerja (b)

No.	Nama Peserta Didik	Aspek yang Dinilai			
		Tampilan (1-5)	Kesesuaian (1-5)	Kelancaran (1-5)	Kebahasaan (1-5)

2. Pedoman Penskoran

(1) Penilaian Pengetahuan (NP)

- Skala skor: 1-5
- Skor Maksimal = $5 \times 5 = 25$
- Nilai Pengetahuan (NP) = Skor Diperoleh/10

(2) Penilaian Keterampilan (NK)

- Skala skor: 1-5
- Skor Maksimal masing-masing(a) dan (b) = $5 \times 4 = 20$
- Skor Diperoleh = (a)+(b)
- Nilai Keterampilan (NK) = Skor Diperoleh/10

(3) Nilai Total

$$NT = NP + NK$$

2. KELAS 8

Materi: Kawih

Bentuk Instrumen dan Instrumen

a. Kompetensi Sikap:

Lembar Observasi Penilaian Proses

No	Aspek yang dinilai	Teknik Penilaian	Waktu Penilaian	Instrumen Penilaian
1	Religius	Pengamatan	Proses	Lembar Pengamatan
2	Jujur			Terlampir
3	Tanggung jawab			
4	Santun			
5	Cermat			

Lembar Pengamatan Sikap

Mata pelajaran :

Kelas/semester :

Tahun ajaran :

Waktu pengamatan :

No	Nama Siswa	Religius				Jujur				Tanggungjawab				Santun			
		BT	MT	MB	MK	BT	MT	MB	MK	BT	MT	MB	MK	BT	MT	MB	MK

Keterangan:

1. BT (belum tampak) jika sama sekali tidak menunjukkan usaha yang sungguh-sungguh dalam menyelesaikan tugas
2. MT (mulai tampak) jika menunjukkan sudah usaha ada yang sungguh-sungguh dalam menyelesaikan tugas tetapi masih sedikit dan belum ajeg/konsisten
3. MB (mulai berkembang) jika menunjukkan ada usaha yang sungguh-sungguh dalam menyelesaikan tugas yang cukup sering dan mulai ajeg/konsisten
4. MK(membudaya) jika menunjukkkan adanya usaha sungguh-sungguh dalam menyelesaikan tugas secara terus menerus dan ajeg/konsisten

b. Kompetensi Pengetahuan: Penilaian Hasil

Indikator Pencapaian Kompetensi	Teknik Penilaian	Bentuk Penilaian	Instrumen
1. Mengenal teks kawih Sunda 2. Memahami kata-kata yang terdapat dalam teks kawih Sunda 3. Memahami isi teks kawih Sunda 4. Menemukan purwakanti dalam teks kawih Sunda 5. Membandingkan teks kawih Sunda lama dan kawih baru	Tes Tertulis	Tes Uraian	1. Sebutkan ciri-ciri nu kapanggih dina teks kawih Sunda? 2. Téangan kecap-kecap anu teu kaharti dina teks kawih, sarta sebutkeun naon hartina! 3. Caritakeun eusi kawihna dumasar kana naon-naon anu dibaca ku hidep! 4. Téangan kecap-kecap anu murwakanti sarta sebutkeun murwakanti dina sora naon! 5. Sebutkeun naon bédana jeung sasaruanana dua kawih di handap!

1. Menceritakan kembali isi teks kawih Sunda dengan bahasa sendiri	Tes Lisan observasi	Langsung	1. Baca kawih di handap sarta tuluy caritakeun deui maké basa hidep sorangan!
2. Menyanyikan kawih Sunda	Tes Lisan observasi	Langsung	2. Apalkeun salahsahiji kawih nepi ka bisa ngahaleuangkeunna, tuluy saurang-saurang ngahaleuang hareupeun kelas!
3. Melengkapi teks kawih yang rumpang	Portofolio	Unjuk kerja	3. Salin rumpaka kawih anu aya dina buku kana buku tulis, kupingkeun lagu nu rék disetél, tuluy eusian titik-titik anu aya dina éta rumpaka!

c. Kompetensi Keterampilan:

1. Teknik: tes lisan
2. Bentuk Instrumen: unjuk kerja

Cik kawihkeun lagu anu geus meunang ngapalkeun, saurang-saurang hareupeun kelas!

Nama :

Kelas :

Sasaran	Aspek	Kriteria	Skala
Lagam	a. Luyu jeung kawihna	merenah	10-15
	b. kurang luyu	kurang merenah	5-10
	c. teu luyu	teu merenah	1-5
Wirahma/ ketukan	a. Keuna kana wirahma/ketukan	merenah	10-15
	b. Kurang keuna kana wirahma	kurang merenah	5-10
	c. Teu keuna kana ketukan	teu merenah	1-5
sora	a. Asup kana nada	merenah	10-15
	b. Kurang asup kana nada	kurang merenah	5-10
	b. teu asup kana nada	teu merenah	1-5
Jumlah			

Peunteun:

- a. Alus (80-100)
- b. Meujeuhna (60-79)
- c. Kurang (35-59)

3. Pedoman Penskoran

- a. Penilaian Afektif (NAf.)
 - Skala Skor: 1-5
 - Skor Maksimal = $7 \times 5 = 35$
 - Nilai Afektif = Skor Diperoleh/10
- b. Penilaian Kognitif (NK)
 - Skor soal nomer 1 jeung 2 skalana 1-5
 - Skor soal nomer 3 skalana 1-15
 - Skor Maksimal = $((2 \times 5) + (1 \times 15)) = 25$
 - Nilai Kognitif = Skor Diperoleh/10
- c. Penilaian Psikomotor (NP)
 - Skala skor: 1-5
 - Skor Maksimal masing-masing(a) dan (b) = $5 \times 4 = 20$
 - Skor Diperoleh = (a)+(b)
 - Nilai Psikomotor = Skor Diperoleh/10
- d. Nilai Total
 $NT = Naf. + NK + NP$

3. KELAS 8**Materi : Carpon****1. Bentuk Instrumen dan Instrumen****a. Kompetensi Sikap:****Lembar Observasi Penilaian Proses**

No	Aspek yang dinilai	Teknik Penilaian	Waktu Penilaian	Instrumen Penilaian
1	Religius	Pengamatan	Proses	Lembar Pengamatan
2	Jujur			Terlampir
3	Tanggung jawab			
4	Santun			
5	Cermat			

Lembar Pengamatan Sikap

Mata pelajaran :
 Kelas/semester :
 Tahun ajaran :
 Waktu pengamatan :

No	Nama Siswa	Religius				Jujur				Tanggungjawab				Santun			
		BT	MT	MB	MK	BT	MT	MB	MK	BT	MT	MB	MK	BT	MT	MB	MK

Keterangan:

1. BT (belum tampak) jika sama sekali tidak menunjukkan usaha yang sungguh-sungguh dalam menyelesaikan tugas
2. MT (mulai tampak) jika menunjukkan sudah usaha ada yang sungguh-sungguh dalam menyelesaikan tugas tetapi masih sedikit dan belum ajeg/konsisten
3. MB (mulai berkembang) jika menunjukkan ada usaha yang sungguh-sungguh dalam menyelesaikan tugas yang cukup sering dan mulai ajeg/konsisten
4. MK(membudaya) jika menunjukkkan adanya usaha sungguh-sungguh dalam menyelesaikan tugas secara terus menerus dan ajeg/konsisten

b. Kompetensi Pengetahuan:

Penilaian Hasil

Indikator Pencapaian Kompetensi	Teknik Penilaian	Bentuk Penilaian	Instrumen
1. Memahami struktur isi teks carpon! 2. Mengidentifikasi struktur teks carpon!	Tes Tertulis	Tes Uraian	1. Sebutkan struktur isi teks carpon! 2. Sebutkeun palaku dina carpon nu judulna “Duh Indung”! 3. Kumaha watek para palakuna? 4. Dimana jeung iraha kajadian dina eta carpon? 5. Naon amanat anu aya dina eta carpon?

1. Mengidentifikasi ciri-ciri bahasa dalam carpon	Tes Lisan	Tes Uraian	1. Jelaskeunci-ciri bahasa dina teks carpon “Duh Indung”!
2. Menceritakan kembali isi carpon yang dibacanya	Tes Lisan Observasi	Unjuk Kerja	2. Caritakeun deui kalayan ringkes carpon anu tos dibaca tadi ku hidep!

c. Kompetensi Keterampilan:

3. Teknik: tes lisan
4. Bentuk Instrumen: unjuk kerja

Cing caritakeun deui eusi carpon nu geus dibaca ku hidep!

Nama :

Kelas :

Sasaran	Aspek	Kriteria	Skala
Basa	a. Ucapan (artikulasi)	Jentre	5-15
	b. Lentong (tekanan, wirahma, randegan)	Merenah	5-15
Eusi	a. Hubungan eusi	Saluyu	5-10
	b. Pamekaran eusi	Lengkep	5-20
	c. Pamahaman eusi	Paham	5-20
Tehnik/sikep	a. Pidanganbahan	Ngaguluyur	5-10
	b. Rengkek jeung peta	Saregep/sopan	5-10
Jumlah			35-100

Peunteun:

- a. Alus (80-100)
- b. Meujeuhna (60-79)
- c. Kurang (35-59)

Pedoman Penskoran

- a. Penilaian Afektif (NAf.)
 - Skala Skor: 1-5
 - Skor Maksimal = $7 \times 5 = 35$
 - Nilai Afektif = $\frac{\text{Skor Diperoleh}}{10}$
- b. Penilaian Kognitif (NK)
 - Skor soal nomer 1 jeung 2 skalana 1-5
 - Skor soal nomer 3 skalana 1-15
 - Skor Maksimal = $((2 \times 5) + (1 \times 15)) = 25$
 - Nilai Kognitif = $\frac{\text{Skor Diperoleh}}{10}$

- c. PenilaianPsikomotor (NP)
- Skalskor: 1-5
 - SkorMaksimalmasing-masing(a) dan (b) = $5 \times 4 = 20$
 - SkorDiperoleh = (a)+(b)
 - NilaiPsikomotor = SkorDiperoleh/10
- d. Nilai Total
- $$NT = Naf. + Nk + NP$$

4. KELAS 9

Materi: Girang Acara

Bentuk Instrumen dan Instrumen

a. Kompetensi Sikap:

Lembar Observasi Penilaian Proses

No	Aspek yang dinilai	Teknik Penilaian	Waktu Penilaian	Instrumen Penilaian
1	Religius	Pengamatan	Proses	Lembar Pengamatan
2	Jujur			Terlampir
3	Tanggung jawab			
4	Santun			
5	Cermat			

Lembar Pengamatan Sikap

Mata pelajaran :.....

Kelas/semester :.....

Tahun ajaran :.....

Waktu pengamatan :.....

No	Nama Siswa	Religius				Jujur				Tanggungjawab				Santun			
		BT	MT	MB	MK	BT	MT	MB	MK	BT	MT	MB	MK	BT	MT	MB	MK

Keterangan:

- BT (belum tampak) jika sama sekali tidak menunjukkan usaha yang sungguh-sungguh dalam menyelesaikan tugas
- MT (mulai tampak) jika menunjukkan sudah usaha ada yang sungguh-sungguh dalam menyelesaikan tugas tetapi masih sedikit dan belum ajeg/konsisten

3. MB (mulai berkembang) jika menunjukkan ada usaha yang sungguh-sungguh dalam menyelesaikan tugas yang cukup sering dan mulai ajeg/konsisten
4. MK(membudaya) jika menunjukkan adanya usaha sungguh-sungguh dalam menyelesaikan tugas secara terus menerus dan ajeg/konsisten

b. Kompetensi Pengetahuan:

Penilaian Hasil

Indikator Pencapaian Kompetensi	Teknik Penilaian	Bentuk Penilaian	Instrumen
1. Memahami struktur isi teks memandu acara 2. Mengidentifikasi kaidah-kaidah teks memandu acara 3. Mengidentifikasi ciri-ciri bahasa dalam teks memandu acara	Tes Tertulis	Tes Uraian	1. Sebutkan struktur isi teks memandu acara! 2. Jentrekeun mana yang termasuk ragam basa baku dina teks memandu acara 3. Jelaskan ciri-ciri bahasa dalam teks memandu acara!
1. Memahami langkah-langkah menyusun teks memandu acara 2. Mendeskripsikan teks memandu acara dengan cara membuat teks memandu acara 3. Menyajikan teks memandu acara secara lisan 4. Menginterpretasi teks memandu acara	Tes Tertulis Tes Tertulis Portofolio Tes Lisan Observasi	Tes Uraian Tes Uraian Unjuk Kerja Tes Lisan	4. Sebutkan langkah-langkah menyusun teks memandu acara 5. Buatlah teks memandu acara dengan tema acara pilih: a. Acara Pinton Seni Agustusan b. Acara Halal Bihalal 6. Coba peragakan teks memandu acara yang sudah kalian susun tersebut di depan kelas 7. Coba interpretasikan bagaimana menurut pendapat kalian hasil penampilan teks memandu acara teman kalian tersebut?

c. Kompetensi Keterampilan:

Teknik: tes lisan

Bentuk Instrumen: unjuk kerja

Coba peragakan teks memandu acara yang sudah kalian susun tersebut ke depan kelas dengan sikap dan bahasa yang santun

Nama :

Kelas :

Sasaran	Aspek	Kriteria	Skala
Basa	a. Ucapan (artikulasi)	Jentre	5-15
	b. Lentong (tekanan, wirahma, randegan)	Merenah	5-15
Eusi	a. Hubunganeusi	Saluyu	5-10
	b. Pamekaraneusi	Lengkep	5-20
	c. Pamahamaneusi	Paham	5-20
Tehnik/sikep	a. Pidanganbahan	Ngaguluyur	5-10
	b. Rengakjeungpeta	Saregep/sopan	5-10
Jumlah			35-100

Peunteun:

- Alus (80-100)
- Meujeuhna (60-79)
- Kurang (35-59)

Pedoman Penskoran

- Penilaian Pengetahuan (NP)
 - Skala skor soal nomor 1 s.d. 4 = 5-10
 - Skala skor soal nomor 5 s.d. 7 = 5-20
 - Skor Maksimal = $(4 \times 10) + (3 \times 20) = 100$
 - Nilai Pengetahuan = Skor Diperoleh/10
- Penilaian Keterampilan (NK)
 - Skala skor: 1-5
 - Skor Maksimal masing-masing (a) dan (b) = $5 \times 4 = 20$
 - Skor Diperoleh = (a)+(b)
 - Nilai Psikomotor = Skor Diperoleh/10
- Nilai Total Pengetahuan dan Keterampilan
 $NT = NP + NK$

CONTO TABEL NGOLAH PEUNTEUN

Contoh Pengolahan Sikap

Sikap	Skor Akhir										Rata-Rata	Nilai Akhir
	1	2	3	4	5	6	7	8	9	10		
Jujur	3.2	2.4	3.7	3.5	3	2.78	2.5	2.33	3.4	3.1	2.9	B
Disiplin	3.4	3.2	3.1	3.5	3.4	3.4	3.0	3.5	2.9	3.0	3.24	B+
Percaya Diri	1.7	2.9	2.3	2.4	3.5	1.4	3.5	1.5	3.6	2.1	2.5	B-
Skor Akhir											2.88	B

Deskripsi

Contoh Pengolahan Pengetahuan



KD	Skor		Skor Akhir	
	Tes	Penugasan	Skala 1 - 100	Skala 1 - 4
3.1	60	65	62.5	2.5
3.2	76	84	80	3.20
3.3	80	70	75	3.00
3.4	84	87	85.5	3.42
Rata-Rata Skor Akhir				3.03

Cara Konversi Skor ke skala 1 - 4

$$\frac{\text{Skor diperoleh}}{\text{skor maksimal}} \times 4 = \text{skor akhir}$$

Deskripsi Catatan :

Penilaian Proses dan Hasil Belajar



Contoh Pengolahan Keterampilan



KD	Tes Praktik	Skor		Portofolio	Skor Akhir	
		Projek			Skala 1 - 100	Skala 1 - 4
4.1	84	-		90		
4.2	76	-		84		
4.3	-	60		70		
Rata-Rata Skor Akhir						

Cara Konversi ke skala 1 - 4

$$\frac{\text{Skor diperoleh}}{\text{skor maksimal}} \times 4 = \text{skor akhir}$$

Deskripsi Catatan :

Bab IV

BAHAN PANGJEMBAR

Pangajaran 1

amprok	: papanggih, patepung
cindekna, cidek	: dumuk, puguh. kacindekan , kesimpulan-Ind.
dalit	: layeut dina sosobatan, akrab, ngahiji.
daria	: enya-nya dina diajar atawa digawé, henteu asal-asalan.
dibéréndélkeun	: diwincik, dirundaykeun.
dipapandékeun	: diibaratkeun, dibandingkeun.
gumantung	: nurutkeun, aya patalina jeung...(Medar langlayangan gumantung angin.).
heubeul	: lawas, lila.
jejem	: tigin digawé atawa diajar.
kalintang	: kacida.
kaunggel	: kauni, aya réngkolna.
lentong	: luhur handapna sora dina ngomong, lagu ngomong.
lidig	: ledeg balas haben katincakan.
maneuh	: geus biasa.
méncéngés	: ngébréhkeun rupa awéwé nu geulis camperenik.
méngpar	: kaluar tina alur, aturan, atawa pasualan.
molahkeun	: ngokolakeun, ngaragakeun, metakeun.
museur	: neueul, nyoko.
ngajenghok	: kagét ku teu disangka-sangka.
ngaleunjeur	: nyusun, ngaruntuy, marélé.
ngawanti-wanti	: ngomat-ngomat, meupeujeuhan.
pamadegan	: pamanggih, tangtungan dina nyanghareupan pasualan.
pasémon	: rindat atawa rupa beungeut.
pungkas	: anggeus, tutug, cacap.
rengkuh	: obahna awak tanda hormat.
reueus	: agul (bangga-Ind.)
saged	: siap pikeun ngajalankeun hiji kagiatan.
sagemblengna	: sakabéhna.
sampalan	: tanah kosong sok dipaké ngangon.
saujratna	: saayana, saaslina teu dikurangan teu dileuwihan.
silih ajénan	: silih hormat.
tetelepék	: tatanya sakur nu teu nyaho.
uplek	: aranteng ngobrol bangun kacida resepna.

Pangajaran 2

bagalna	: gagang ka puhuna.
bangsaning	: saperti, kayaning.
basa dialék	: basa di hiji wewengkon atawa daérah.
camperenik	: leutik tur lucu katémbongna.
clom giriwilr	: gancang nyanggut atawa disantokna.
dimekarkeun	: dipajukeun, ditumuwuhkeun.
diropéa	: diurus, dikokolakeun.
ditekenkeun	: diteueulkeun, dikudukeun.
duméh	: ku sabab, lantaran, alatan.
ilaharna	: biasana.
kanjat	: nepika.
kantenan	: komo deui.
kapapancénan	: nampa tugas, pagawéan, atawa paréntah.
karandapan	: kaalaman.
laléndo, léndo	: sawah subur tara kakurangan cai.
linduk	: tempat tara katebak angin atawa sisi cai nu taya ombakan.
marélé	: nyusun puguh entép seureuhna dina nyarita.
marijah	: marotah.
munggaran	: ngamimitian.
nalungtik	: naliti, mariksa.
ngagulidag	: susukan atawa walungan nu caina gedé.
ngalimpudan	: nutupan, minuhan.
ngareungeu	: ngadéngé.
ngirut	: narik haté atawa perhatian.
nyurahan	: méré katerangan, ngahartikeun.
pambengan	: halangan, aya pambengan , aya halangan
pancakaki	: hubungan kakulawargaan saperti anak, incu, bapa, aki, jst.
panyambungan	: kawas hayam panyambungan (bbs) , talamba-tolombo taya nu wawuh.
pareng	: jadi, laksana.
pedaran	: caritaan atawa katerangan panjang.
rundag-randeg	: teu kebat, teu lancer, eureun-eureunan.
sasat	: cacak, sarua jeung..., nyasat , kadongdora.
sililandih	: siliganti ngaran atawa sesebutan.
sukan-sukan	: bungah, senang-senang.

talamba tolombo	:leumpang ka ditu ka dieu lantaran taya nu wawuh.
tampolana	: aya kalana, sakapeung.
tataan	: sebutan.
togmol	: nyarita saayana teu ngarasa kagok.

Pangajaran 3

anteb	: enya-nya.
dipasieup	: dipapantes.
ditedunan	: dicumponan, digugu kahayangna.
enas-enasna	: intina, pokona.
gegelendeng	: ngomong lalaunan nandakeun ambek.
kabéngbat	: kagémbang, kagoda.
kamekaran	: kamajuan.
kusang-koséng	: teu garenah, gulinggasahan.
mikat	: ngabibitaan, mikat manuk , ngala manuk ku cara dibibitaan ku manuk séjén dina jero kurung.
negrak	: tempat atawa sagala rupa hal anu gampang katénjona.
ngarérét	: nénjo saliwat ku juru panon.
numuwuhkeun	: ngamekarkeun, ngamajukeun.
nyingkur	: cicing di tempat nu teu ramé.
ungkara	: kalimah, runtuyan omongan.
unina	: unggelna.
wandana	: rupana, dedeganana.
wanoh	: wawuh.

Pangajaran 4

bubuhan	: sahenteuna.
cungcat-cingcet	: babalicetan sangkan teu beunang atawa teu katéwak batur.
dagé	: ngaran kaolahan nu diburukeun, saperti dagé picung, dagé hampas kalapa.
dalah	: bet, parandéné.
dikenyangan	: dibetotan, dirawélan.
dirautan	: dirapihkeun, dialusan, dilemesan.

kacandet	: katahan, kapendet.
kagentak	: kagancangkeun, kasakaliguskeun.
kaliagé	: ngaran sarupa tutuwuhan, aya cucukan.
kapaluruh	: kapanggih, kasidikeun.
katurug-turug	: katambah-tambah.
kokojo	: nu jadi utamana.
kumalayang	: kakalayaan, kokoléaban.
luyu, saluyu	: sakumaha mistina.
mancanagara	: luar negri.
medar	: ngapungkeun langlayangan, mesék pasualan.
ngagayuh	: ngadeukeutan, rék tepi... Ngagayuh ka subuh.
ngaropéa	: ngolah, ngoméan.
ngaruntuy	: ngarumbay, nyusun.
ngelolkeun	: némbongkeun beungeut/sirah saliwat.
ngeuyeuban	: ngalengkepan, mepekan.
nyelengkeung	: nyela ngomong.
pangulur	: bola atawa kenur keur ngaluhuran dina medar langlayangan.
paséban	: adegan/wangunan tempat séba (babakti ka raja).
rapang	: loba, ngajajar... upamana maké ali dina sawatara ramo.
rarancang	: raraga langlayangan.
remeng-remeng	: teu jelas katémbongna.
sapuk	: saluyu, sapagodos, sapikiran.
singhoréng	: tétéla, ari héng téh...
titénan	: perhatikeun.
wanci	: waktu, mangsa.
wincik, diwincik	: ditéték, diterangkeun hiji-hiji; wincikan , péréléan.

Pangajaran 5

ajénna, ajén	: aji; pangajén , panghormat.
bacot	: omong, loba bacot , loba omong.
bagbagan	: aturan, patokan; tempat kagiatan nyeuseuh, mandi, jst. di sisi cai.
begéng	: begang pisan, begung.
bulan alaeun	: bulan cek itungan waktuna orokan.
bumén-bumén	: imah-imah atawa matuh di hiji imah.

catur	: carita, omongan; ngaran salasahiji kaulinan.
iber	: béja.
kaampeuh	: katahan; teu kaampeuh , teu katahan hayang seuri.
kaceluk	: kamashur.
kapiuhan	: katuralengan, teu éling.
kararaban	: kaasupan. Can kararaban sangu...
kariaan	: hajatan (nyunatan, ngawinkeun,jst.)
katangen	: katémbong.
katiga	: usum halodo.
katotol	: kasohor/ kawéntar dina hal kurang hadé.
kawantu	: kulantaran, kusabab.
kélu	: téga.
kocapkeun	: kacaritakeun, kabéjakeun.
laden	: jalma purah ngawulaan dunungan.
lunta	: indit.
méngkong	: mindahkeun cai walungan dina marak.
metu	: teurak.
morérét	: caang béngbras tur panas.
mudigdig	: tumerap kanu ambek.
naker	: nimbang.
nangénan	: manggihan.
nataku	: kacida.
ngadeuheus	: nepungan kalawan hormat.
ngalejokeun	: ngabobodo, ngabohong.
ngasruk	: ngapruk.
nujum	: norah, ngaramal.
nyadap	: ngala/nandéan lahang tina gagang buah kawung.
polah	: tingkah.
rokaya, orokaya	: henteu kawas...
rungkun	: tempat nu buni ku kakayon.
sakitan	: jelema nu dibui.
satutasna	: saenggeusna, sabada.
saujaring	: ceuk; saujaring carita , ceuk béja, ceuk carita.
tarapti	: tartib.
telasan	: paehan.
teu walakaya	: teu bisa kukumaha.
uleng	: anteng mikir.
werateun	: kuateun.
wiwirang	: kaéra, sagala hal nu matak nimbulkeun kaéra.

Pangajaran 6

balébat	: pajar, mimiti témbong cahya.
bayah	: eusi dada nu ngahapit jajantung; belang bayah, goréng hate ka batur.
beueus	: baseuh.
galeuh	: bagian kai di tengahna anu teuas; ngagaleuh , meuli.
gilig	: geus buleud/teteg piker, teu asa-asa.
gingsir	: obah; owah gingsir , robah kaayaan atawa rarasaan.
gudawang	: raheut gedé.
jéntré	: jelas, écés.
kahoncéwang	: kahariwang, kapaur.
kalarung	: kaliwat.
kanca	: batur atawa sasama.
kasilih	: kalindih, kaéléhkeun, kasisihkeun.
keri	: begéng, pepelakan hésé gedé.
kuta	: pager témbok.
leleb	: anteb; kaleleban , kaédanan.
lémbok	: héjo lémbok , loba atawa teu kurang rejekina.
léngkob	: lebak, tempat/lahan di daérah handap.
leuit	: wangunan atawa kamer husus paragi neundeun pare.
lulurung	: jalan jajahan, jalan leutik diantara jalan gedé di kota.
mataholang	: pitangkaleun dina sisikian; bagian nu leutik teuas dina pamatuk anak hayam.
mépés	: nuuskeun, mépéndé sangkan teu terus ambekna; mépés késang , nuuskeun késang.
ngincer	: ngintip-ngintip, nungguan léngah.
ngoncrang	: sorana jelas tur beresih.
nilar, tilar	: maot.
nyengka	: rekah, jaradi loba.
padumukan	: tempat matuh/cicing.
palastra	: tiwas, maot.
panéka	: pangaruh; panéka jaman , pangaruh parobahan jaman.
parancah	: jampé panyinglar.
patalékan	: pananya, pertanyaan.
ranggon	: sabangsa imah nu kolongna jangkung, saung ranggon
reuteum	: loba caricing, Manuk reuteum dina dahan.
ringrang	: hariwang sieun kumaonam.
saendeng-endeng	: salilana.
sarah	: runtah nu kabawa palid.

siliélédan	: siliéléhan, henteu patugeng-tugeng.
sumerah	: pasrah.
talang	: kokocoran cai beunang nyieun; nalang , ngabantu; nalangan ; nulungan mangmayarkeun nu batur.
tamba	: ubar; nambaan , ngubaran nu gering sangkan cageur.
taroh	: tumpangan.
tibelat	: rus-ras ingetan tur ngahudang kasedih.
tilem	: ngaleungit; kalem.
timpuh	: henteu cetaan, teu loba tingkah.
tresna	: asih atawa cinta.
ugeran	: takeran, patokan.

Pangajaran 7

asiwung	: kapas keur kaperluan mayit.
campoléh	: lalawora, wawayagon; ngaran sabangsa bungbuahan rupa jeung dagingna konéng.
dicontangan	: dicokotan saeutik-saeutik.
munel	: penting, gedé hasilna.
ngawuruk	: mapatahan sangkan bisa.
ngéstokeun	: nurutkeun paréntah kalawan enya-nya.
ngumbara	: cicing di lembur atawa daérah batur.
nyakrawati	: jeneng, nyekel kakawasaan.
samanéa	: sabongbrong.

Pangajaran 8

ayem	: teu rusuh.
diémbohan	: ditambahan, dibéré paleuleuwih.
dihapit	: didempét ku dua.
dipapandékeun	: dibandingkeun, diibaratkeun.
kasinugrahan	: nampa hal pikabungaheun.
mikawanoh	: mikanyaho.
mopo	: boboléh, teu sanggup neruskeun.
ngawengku	: ngurung, nyakup.
sareundeuk	: sarigig.
tétécéan	: titincakan maké hambalan jiga tarajé.

PABUKON

- Baidillah, Drs.H. Idin, M.Pd,dkk. 2010. *Aksara Sunda*. Bandung: CV.Walatra.
- Dinas Pendidikan Provinsi Jawa Barat. 2013. *Kurikulum 2013*. Bandung.
- Hadi spk, Drs. Ahmad. 2005. *Peperenian*. Bandung: Geger Sunten.
- Hadish, Yétty Kusmiyati. 1979. *Sastra Lisan Sunda Mite, Fabel, dan Légende 1*. Jakarta: Pusat Pembinaan dan Pengembangan Bahasa Departemén Pendidikan dan Kebudayaan.
- Iskandar, Yoséph. 1982. *Tumbal*. Bandung: Rahmat Cijulang.
- Jurusan Basa jeung Sastra Sunda FPBS IKIP Bandung. 1990. *Palanggeran Éjahan Basa Sunda*. Bandung: Rahmat Cijulang.
- Karana, Rahmat M. Sas. 1979. *Tepung di Bandung*. Bandung: Rahmat Cijulang.
- Keraf, Dr. Gorys. 1980. *Komposisi*. Ende Florés: Nusa Indah.
- Kunto, Haryoto. 1984. *Wajah Bandoeng Těmpo Doeloe*. Bandung: Granésia.
- Lembaga Basa & Sastra Sunda. 1985. *Kamus Umum Basa Sunda*. Bandung: Taraté.
- Muchtar, R.H. Uton, Ki Umbara. 1994. *Modana*. Bandung: Manglé Panglipur.
- Mustapa, Abdullah. 1985. *Wirahma Sajak*. Bandung: Medal Agung.
- No. 1574. 1996. Majalah Manglé.
- No. 51-52. 1996. Majalah Simpay.
- . 1986. *Kedok Tangkorék*. Bandung: Remadja Karya.
- Poerwadarminta, W.J.S. 1977. *Kamus Umum Bahasa Indonésia*. Jakarta: PN Balai Pustaka.
- Prawirasumantri, Drs. H. Abud, dkk. 2003. *Pedoman Pengembangan Kurikulum Berbasis Kompetensi Mata Pelajaran Bahasa Daérah (Sunda)*. Bandung: Geger Sunten.
- Pusat Pembinaan dan Pengembangan Bahasa. 1977. *Pedoman Éjaan Bahasa Sunda yang Disempurnakan*. Jakarta.

- Rosidi, Ajip. 1966. *Kesusastraan Sunda Déwasa Ini*. Jatiwangi: Tjupumanik.
- , 1969. *Djalan ke Surga*. Djakarta: Gunung Agung
- , 1983. *Ngalanglang Kasusastraan Sunda*. Jakarta: Pustaka Jaya.
- , 1984. *Manusia Sunda*. Jakarta: Inti Idayu Prés.
- , 1989. *Janté Arkidam*. Bandung: Pustaka.
- Resmana, Min. 1973. *Hujan di Girang Caah di Urang*. Bandung: Mitra Kencana.
- Ruhimat, Asep. 2006. *Sambel Jaer*. Bandung: Puspawarna.
- Rusyana, Dr. Yus. 1982. *Métode Pengajaran Sastra*. Bandung: Gunung Larang.
- , 1982. *Pedaran Paribasa Sunda*. Bandung: Gunung Larang.
- , 1982. *Panyungsi Sastra*. Bandung: Gunung Larang.
- Salmun, M.A. 1963. *Kandaga Kasusastraan Sunda*. Bandung: Ganaco.